

AYITI 2050:
YON VIZYON N AP PATAJE

« ANNAVAN ! ANN AL REBATI ! »
NEYEMI 2 : 18



AYITI N AP BATI A !

AYITI 2050: YON VIZYON N AP PATAJE

AYITI N AP BATI A !

« Annavan ! Ann al rebati ! » Neyemi 2 : 18

Nòt : Nou pibliye dokiman sa a ni an fransè ni an kreyòl. Si nou gen nenpòt kesyon oswa sousi ki gen rapò ak konpreyansyon tèks la, n ap mande n pou n al gade nan vèsyon orijinal la ki ekri an fransè.

Mise en page : Joël François

Dépôt légal : Bibliothèque Nationale d'Haïti

ISBN: 978-99970-57-50-1

Dépôt Légal: 19-06-471

Achevé d'imprimer sous les presses de Média-Texte

Au mois de Juin 2021

Imprimerie Media-Texte

No.52, Rue Oswald Durand, Port-au-Prince, Haïti. W.I., HT 6113 ou

Route de Delmas, Delmas 47, No 1 (à l'angle)

Tel: (+509) 3793-0399 / 3402-0482

E-mail: joellorquet@yahoo.com

© Copyright 2020

Tous droits réservés.

Sa ki nan dokiman an

Avanpwopo	7
1. Rezime egzekitif	9
2. Kontèks.....	11
3. KONSTA NOU FÈ – YON ANALIZ RAPID SITIYASYON PEYI NOU AN JOUNEN JODI A	13
Peyi zansèt nou yo te vle bati an 1804 la	13
Pwojè inite nasyonal la poko janm reyalize	15
<i>Silans Legliz la.....</i>	18
4. Vizyon Nou – Peyi Nou Reve E Nou Vle Bati A.....	21
Peyi nou toujou vle bati a	21
Valè fondamantal nasyon n ap bati a	22
5. Rekòmandasyon jeneral nou bay peyi a	29
Pou sosyete a reveye l nan tout sans	30
6. Sektè nou konsidere nan dokiman vizyon sa a	31
I. Sante fizik ak sante mantal	31
II.Edikasyon	34
III.Fanmi, ti moun, Lajenès ak Espò	36
IV.Gouvènans (Jesyon Peyi a).....	38
V.Lalwa ak lajistis.....	40
VI.Sekirite piblik ak defans nasyonal	42
VII.Ekonomi ak endistri	44
VIII.Agrikilti ak politik jesyon tè yo	45
IX.Afè sosyal ak relasyon moun ak moun	47
X.Amenajman teritwa a, enfrastrikti ak sèvis	48
XI.Anviwònman	50
XII.Jesyon risk ak dezast.....	52
XIII.Lakilti ak sivil	53
7 Pou nou fini – Angajman nou pou nou repanti, pou nou priye epi pou nou aji.....	55
8. Anèks	57

Avanpwopo

Dokiman Ayiti N Ap Bati a nou gen privilèj prezante Nasyon an se rezilta yon gwo tèt kole kat (4) gran òganizasyon parasòl ki se Fédération Protestante d'Haïti (FPH), Conférence Nationale Spirituelle des Églises d'Haïti (CONASPEH), Fédération des Pasteurs du Grand Nord (FEPAGNO) ak Concile des Églises Évangéliques d'Haïti (CEEH), ak yon pakèt lòt Legliz, regwoupman Legliz, Misyon, Òganizasyon, lig Legliz epi sitwayen fanm ak gason ki soti nan kominote pwotestan Ayiti a. Travay sa a konsidere tankou yon kontribisyon sitwayen, esprityèl e ki pa marye ak okenn pati pou ede bati Peyi nou swete a.

Se pou Bondye beni gwo chantye sa a !



1. REZIME EGZEKITIF

Dokiman sa a se rezilta yon inisyativ sitwayen, espiyèl e san patipri yon regwoupman legliz ak òganizasyon ki nan kominote kretyen an antreprann pou yo pote kontribisyon yo nan Ayiti nou gen plis pase de syèk depi n ap bati l la. Premye repiblik nwa nan Amerik la ap antre nan yon tou san fon e sa revòlte nou. Se sa k fè, nou vle pataje lide sa yo ak vizyon sa a ki soti nan refleksyon ki sensè ak bon jan deba k ap pèmèt nou remete peyi a sou ray. Nou espere sa.

Demach nou an soti nan echèk nou konstate nou fè nan moman an pou nou rive gen yon vizyon pou Ayiti nou reve a, yon bèl vizyon, yon vizyon reyalis ki fonde sou valè ki solid e ki kapab enspire sitwayen ki gen bon volonte yo e k ap pouse yo aji. Kè nou cho pou nou wè yon nouvo Ayiti, bò lane 2050 yo, yon Ayiti kote sitwayen yo ap egzèse dwa yo epi kote yo ap devlope nan byennèt. Apre sa, nou fè kèk rekòmandasyon bay Nasyon an, espesyalman bay Leta a ak sosyete a, pou yo jwe wòl yo kòm sadwa epi pou yo kreye kondisyon k ap mennen nou nan Ayiti Legliz la bay tèt li misyon pou l bati a, nan tèt kole ak divès lòt aktè. Nou regwoupe rekòmandasyon nou yo an 13 tèm prensipal ki pèmèt nou kouvri tout reyalye sosyopolitik, ekonomik, epi sosyal ki nan lespri tout sitwayen yo. Pou nou fini, kòm moun ki dakò responsablite nou genyen nan eta peyi nou an ye la a, nou pran angajman pou nou poze aksyon ki gen rapò ak 13 tèm nou konsidere yo. Sa pa vle di n ap sispann priye, ni ke n ap sispann preche tou, men nou vle pi deside nan aksyon nou yo, paske nou kwè egzanp n ap bay la gen valè epi patisipasyon nou kòm sitwayen gen enpòtans. Nou swete aksyon nou yo ap ogmante kredibilite nou epi nou swete yo enspire frè ak sè nou yo nan peyi a, dirijan nou ak moun y ap dirije yo. Se lè nou mete men nou nan pat la n ap kapab bati Ayiti, nou menm tou.

Lè nou konsidere nan ki lespri yon inisyativ kon sa a pran nesans e lè n ap gade nan ki kontèks nou ekri dokiman vizyon sa a, nou gen rezon pou nou wè l kòm yon kontribisyon sitwayen legliz yo pote nan efò k ap fèt pou remete nasyon an kanpe epi pou nou bati l. Nan sans sa a, dokiman sa a pa pou nou ankò. Depi kounye a, li pou tout Ayisyen ak Ayisyen ki pral byen sèvi avèk li pou benefis nou tout. Nou remèsye tout moun ki te kontribye nan jan pa yo pou ekri vizyon sa a epi nou estime li gen yon gwo enpòtans pou peyi nou an. Nou swete li reprezante yon etap istorik nan lavi nasyon nou an epi nou swete l ap ouvè pòt pou yon nouvo refleksyon sou fason nou pral travay pou nou mete nouvo Ayiti a kanpe.



2. KONTÈKS

An 1804, zansèt nou yo te fonde premye repiblik nwa ki genyen nan Amerik la. Poutan, de san lane apre, frè ak sè ayisyen nou yo nan gwo difikilte pou yo rive viv tankou moun, nan diyite ak respè, sou pwòp ti bout tè pa yo a. Desanjan apre, peyi nou an ap make pa sou plas nan yon mizè ak yon povrete san parèy, avèk yon pwa senkant tranzisyon demokratik san fen ki makonnen nan pye l depi 1986. Depi lè sa a, peyi nou an ap travèse kriz sou kriz, avanti sou avanti. Ki espwa Ayiti cheri nou an genyen ankò ? Ki peyi nou vle bati (oswa kontinye bati, pou nou pa di rebati) pou pwòp tèt nou ak pou pitit nou yo ?

Lè yo fin konsidere gwo echèk kolektif nou an, gen yon gwoup legliz ak òganizasyon ki soti nan kominote kretyen ayisyen an (nan dokiman an, nou rele l « Legliz ») ki deside lanse apèl sa a avèk eslogan « Ayiti n ap bati a ! ». Se yon apèl yo lanse bay tout sitwayen ak sitwayèn ki gen bon volontè, sitou moun k ap pran desizyon yo, pou yo pran konsyans pou yo frennen kous k ap mennen nou nan tou san fon sa a. Se yon inisyativ sitwayen, esprityèl e san patipri ki fonde sou valè jideyokretyen yo. Se yon mouvman ki soti nan nanm yo e k ap pèmèt legliz la mete vwa l ansanm avèk tout moun ki vle pou yo di sètase. Moman an grav e nou pa ka fè silans ni kwaze bra nou.

Nou vle ofri sosyete nou an dokiman vizyon sa a. Li pa la pou l ni fè revandikasyon, ni mande pou yon gouvènman ale, ale wè pou l ta mande yon kèlkonk separasyon 'gato'. Okontrè, demach nou an pwopoze yon vizyon nasyonal pou 30 an k ap vini la yo, nan yon pèspèktiv kretyen. Li fè yon seri rekòmandasyon epi li pran yon kantite angajman sitwayen pou li derape ak chanjman an epi pou l kontribye ladan l, rive jis 2050. Donk, se yon dokiman ki mete aksan sou devwa nou genyen anvè tèt nou e anvè konpatriyòt ayisyen nou yo, epi ki pèmèt nou mare senti nou pou nou travay.

An de mo, jodi a nou vle ale pi lwen e, nan endiyasyon nou, nou vle egzije yon lòt Ayiti: Ayiti sa a zansèt nou yo te vle bati a, Ayiti sa a pitit yo pa t rive bati a e Ayiti sa a nou gen responsablite pou nou bati jodi a. Nan kad inisyativ sa a, Legliz la bay tèt li misyon drese yon bilan pou l ka kontinye sou yon nouvo fondasyon. Anvan tout bagay, nou vle rekonèt erè nou ak fot nou yo epi nou konsyan nou gen tout responsablite nou tou nan sitiyasyon peyi nou an ye a, swa nan aksyon nou, swa nan fèmèn je nou, swa nan pawòl nou, swa nan silans nou, oswa senpman paske nou pa fè sa nou te dwe fè yo. Kòm otorite moral pami anpil lòt nan sosyete nou an, Legliz la la pou l preche ak egzanp l ap bay epi li la pou l montre chemen restorasyon an dwe kòmanse ak yon repantans sensè, lè nou dakò pou nou rekonèt fot nou yo. « *Si pèp ki pote non m nan lapriye nan pye m, si yo soumèt ...* »¹. Èske soumisyon sa a pa yon koudèy sensè nou fè nan kè nou pou nou rekonèt jan batay chen manje chen nou yo, aksyon egoyis nou yo, awogans nou yo, chirepit nou yo ak konplisite nou yo lèd epi yo bay kè plen ? Meya koulpa, nou peche e Legliz la vle rekonèt sa an premye!

Men Legliz la pa abandone misyon l ! Se vre li gen lontan l ap priye epi l ap travay pou gen yon revèy sitwayen, pou nou gen lidè ki gen konsyans epi pou nou gen yon devlopman

¹ 2 Kwonik 7 : 14. Tout sitasyon bibliik yo soti nan Bib la, Pawòl Bondye ann Ayisyen, Société Biblique Haïtienne, 1999, eksepte lè nou endike yon lòt vèsyon.

entegral kote tout kouch nan sosyete a ap benefisye. Men sa pa sifi ; li rekonèt li te rete twò timid epi li pa t angaje l ase sou yon seri pwen enterè jeneral. Jodi a, li vle rekonèt sa epi li pran anganjan pou li aji, pou li poze aksyon ki pi dirèk e ki pi òganize. Jodi a nou vle pran tiwèl la pou nou fè yon pa anplis etan n ap renouvle angajman² nou. Angajman sa a gen yon pakèt aksyon konkrè pou nou fè ansanm e ki, lè yo jwenn ak lafwa fèm nou genyen nan Bondye lavi ak libète a, ap kontribye nan revèy sitwayen sa a ak nan chanjman majorite a tèlman ap tann nan. La ankò, Legliz la vle preche nan bay bon egzanp anvan li louvri bouch li. Pandan li rekonèt e l ap raple wòl enpòtan Leta ak sosyete sivil la dwe jwe pou gen lapè ak pwosperite sosyal, li vle kòmanse jwe wòl pa l epi poze aksyon ki montre 'li chanje' e 'li chofe' pou li wè yon nouvo sosyete pou yon nouvo peyi, yon Legliz tou nèf ak yon nasyon tou nèf, sou moso tè sa a. Yon Legliz ki atache ak ideyal bibliik chèf li Jezikris kite pou li men tou yon Legliz k ap « bay Seza sa ki pou Seza » epi ki ap jwe wòl li kòm sadwa kòm 'sèl ak limyè'. Legliz la pale anpil, kounye a li vle aji pi plis, e sitou aji pi byen !

Legliz la, pandan li pran angajman l lan, pa abandone premye misyon li genyen an ki se fè monn lan konnen ki jan Bondye renmen l, ki jan li vle sove l epi ki jan li vle remanbre kè ki nan tristès yo. Men, li konte fè pwomosyon pou yon levanjil ki gen dimansyon entegral ki p ap sèvi nanm moun sèlman men k ap sèvi kò yo tou ak bezwen ki pi fondamantal yo genyen, etan l ap fè pwomosyon pou lavi an kantite³ li. Legliz la rekonèt yon aspè enpòtan nan misyon l atravè pawòl sa yo ki soti nan liv Pwofèt Ezayi a : « Separe sa nou genyen ak moun ki grangou. Louvri pòt kay nou pou nou resevwa malere ki pa gen kote pou yo dòmi ; si nou wè yon frè nou toutouni, ba li rad pou li mete sou li. Pa refize lonje men bay frè parèy ou. »⁴

Fòk nou di inisyativ sa a nou pran ann Ayiti, se pa premye fwa yon bagay konsa fèt nan monn lan. An reyalite, gen yon seri legliz ki te lanse yon inisyativ konsa nan plizyè peyi ki t ap viv yon seri pwoblèm sosyopolitik. Se konsa legliz yo te fè tandè vwa yo nan peyi Wanda, Zimbabwe, Afrikdisid ak nan Koredisid pou yo di non kont fason peyi yo t ap depafini, non kont tout sa ki t ap pase yo pa t ka asepte. Inisyativ sa yo te bay fwi e peyi sa yo, nan majorite ka yo, te rive rezoud pwoblèm yo. Men, gen yon konsta enteresan nou dwe fè. Nan tout ka kote legliz yo te fè tandè vwa yo pou yo di non epi pou yo di otan, kredibilite yo te vin ranfòse. E nan tout ka yo, sitiyasyon peyi ki konsène yo te rive jwenn yon chanjman. Bondye te rekonpanse fidelite yo e inisyativ yo a te bay fwi.

Pèmèt nou mete nou toupiti pou nou konpare demach nou an ak demach gouvènè vizyonè Israyèl la, Neyemi, ki, nan IV^{yèm} syèk anvan Jezikris, te konstate nan ki eta Jerizalèm te kraze, demantibile, li te pale ak kòlè li, li te antreprann yon seri demach epi li te poze yon seri aksyon, ak lapriyè ak devouman, pou li te remete vil zansèt li yo kanpe. Nan yon elan patriyotik san parèy, Neyemi te mennen yon seri refòm espirityèl e moral epi li fè plizyè sitwayen parèy li dakò ak kòz la etan li di yo : « Ann avan, ann al rebati ! »⁵ Se menm apèl sa a n ap lanse jodi a bay tout ayisyen ak ayisyèn ki gen bon volonte pou nou travay ansanm pou nou rive bay Ayiti n ap bati a lavi. Se pou Seyè a akonpaye nou, se pou li beni nou nan angajman piblik sa a dokiman sa a reprezante. Se pou Seyè a ba nou sajès ak kouraj pou nou mete Ayiti nou vle a kanpe, ansanm ak frè ak sè nou yo ki nan sosyete a an jeneral !

² Pwovèb 31 : 8-9 ; Lik 4 : 18-19

³ Jan 10 : 10

⁴ Ezayi 58 : 7

⁵ Neyemi 2 : 18



3. KONSTA NOU FÈ – YON ANALIZ RAPID SITIYASYON PEYI NOU AN JOUNEN JODI A

- Ekip redaksyon an

a. Peyi zansèt nou yo te vle bati an 1804 la

Lè Papa Fondatè nou yo te ba nou yon nasyon lib e endepandan, nan dat 1^e janvye 1804 la, nou t ap nourri gwo rèv pou nou menm ak pou lemonn antye. Nan avanpwopo Ak endepandans lan, lame endijèn nan te deklare entansyon l pou l « asire yon gouvènman estab pou endijèn Ayiti yo pou letènite (...), pou rann peyi a endepandan, e pou jwi libète yo te achte ak san pèp zile sa a. » Konsa, depi premye konstitisyon nou an, nou te deklare nou vle viv nan yon « peyi lib, ki mèt tèt li, e ki endepandan » kote « Ayisyen se frè ak sè » e kote « tout moun egalego tout bon, nan je lalwa »⁶. Sa montre aklè manman lwa nou yo te gentan eksprime dezi nou ak entansyon nou pou nou mete yon sosyete jis kanpe sou win esklavaj ak kraze zo a, pou nou fè libète, egalite ak fratènite tabli toutbon, e pou nou pote labanyè pou libète ak diyite moun, nan yon monn ki te chita sou esklavaj prensipalman toujou.

b. Echèk nou tout ansanm, peyi nou rive bati jounen jodi a

Nou tout ap dakò Ayiti jounen jodi a pa Ayiti nou te vle bati okòmansman an. Okontrè, peyi n ap evolye ladan l jounen jodi a depaman ak gwo valè zansèt nou yo te adopte yo. Yon tranblemanntè sosyoekonomik, politik e moral detwi tout baz nasyon nou an, sa ki lakòz dega ki difisil pou repare rive jis nan fondman l. Ayiti sanble ak yon bato ki pa gen ni vwal ni gouvènay, ki prale kote van mennen l. Ayiti ap depafini epi l ap disparèt si pa gen anyen ki fèt.

Sitiyasyon sosyoekonomik ak sitiyasyon politik moman an

Jounen jodi a, peyi nou an tankou yon rèv ki kraze, pou nou pa di kareman yon move rèv n ap viv je kale. Sitiyasyon sosyoekonomik nou klase nou pami dènye peyi ki sou latè yo epi li fè nou – jan yo toujou repete l ak anpil tristès – peyi ki pi pòv nan Amerik la. Tout moun fin konnen nan ki nivo povrete moral ak povrete materyèl nou twouve nou.

Esansyèlman, sosyete nou an ap fonksyone nan derespekte dwa fondamantal sitwayen yo, tankou dwa yo genyen pou yo viv, pou yo gen sekirite ak dwa yo genyen pou yo posede pwòp byen prive yo. Pi fò sitwayen nou yo pa gen bon jan aksè a swen sante⁷ epi yo pa gen aksè a lòt sèvis primè yo. N ap viv nan yon ensekirite alimantè grav pandan nou pa gen okenn politik agrikòl ni okenn politik ekonomik, pandan anviwònman nou an pa sispann depafini. Depi premye jou fondasyon nasyon nou, nou ap trennen dèyè nou pwoblèm ensekirite nan zafè tè nou yo, sa rann jwenn tè pou fè agrikilti ak eksplwatasyon prive konplike. XXI^{yèm} syèk la jwenn ayisyen yo nan yon sitiyasyon sosyoekonomik ki frajil anpil. N ap enpòte pifò nan pwodui n ap konsome yo, sa ki lakòz balans pèyman nou an pa ekilibre ditou epi goud la

⁶ Konstitisyon enperyal 1805 lan, Ayiti

⁷ To mòtalite ti moun piti yo anviwon 59‰, dapre EMMUS VI 2016-2017.

ap pèdi valè pi plis devan dola ameriken an. Prensipal endikatè makwoekonomik⁸ nou yo tou wouj. Nou pa bezwen di yon anviwònman konsa pa favorize envestisman ak kreyasyon travay pou amelyore nivo lavi moun peyi nou an. Epitou, nou pa sezi lè nou wè peyi nou an toujou pami dènye peyi yo nan gwo rapò entènasyonal yo (Doing Business⁹, IDH¹⁰, elatriye). Mete sou sa, koripsyon¹¹ blayi toupatou ak absans gouvènans n ap sibi se rezilta yon dekadans moral. Sitiyasyon sa a lakòz, pitit fi ak pitit gason nou yo pèdi lespwa nan demen, sa ki pouse jèn nou yo kouri kite peyi a an mas ak majorite sèvo nou yo ki ale kite nou¹². Nan plonje tèt bese nan sa ki mal epi kapasite nou pa genyen pou nou chita ansanm pou nou dyaloge, peyi etranje okipe nou twa fwa nan yon syèk epi n ap pèdi idantite nasyonal nou ak fyète nou moso pa moso kòm pèp.

Yon nasyon k ap chèche tèt li jiskaprezan

Poutan, desan lane aprè fondasyon peyi nou, nou toujou rete yon nasyon ki santi li gen vokasyon pou yon desten espesyal e k ap chèche tèt li jiskraprezan. Nan nou menm menm, nou santi n ap pote yon pwojè ki pa rete ak okenn lòt e nou genyen yon seri jèm grandè ki difisil pou yo detwi. Nou toujou rete ap chache desten kolektif sa a ki se pa nou.

Ak yon tranzisyon demokratik ki gentan gen plis pase 30 lane, nou tatonnen anven dènye ane sa yo. Menm lè gen kèk pwogrè ki fèt, sitou onivo mantalite politik epi onivo revèy konsyans kolektif nou, nou fè bak olye nou avanse nan plizyè domèn. Dout nou genyen youn sou lòt ak egoyis ki nan fon kè nou pouse nou seye san nou pa jwenn rezilta, sa ki sèlman rann sitiyasyon an pi grav. Men gen yon eleman fondamantal ki manke nou : nou pa janm rive chita ansanm pou nou analize tèt nou nou menm, fè deba oswa pale. Nou fè tankou nou pa tandè. Poko janm genyen yon tantativ, menm yon esè ki echwe, pou fè yon dyalòg kolektif nasyonal. Tranblemanntè 2010 la te trajedi ki te gen pi gwo konsekans sou pèp nou an e ki te ka sèvi pou fè nou pran konsyans epi mobilize nou pou nou chache pwogrè. Dezas sa a te kapab yon nouvo okazyon pou gen devlopman ak kwasans. Men elas! nou pèdi elan li te pote a nan fè diskisyon san sans e nou pa rive bay moun ak peyi nou premye plas devan enterè endividyèl egoyis.

Jis jodi a, nou toujou byen fon nan kriz la. Pwoblèm yo dire twò lontan e nou prèt pou disparèt kòm peyi. Siy demanbreman moral ak sosyal nou yo depase epi peyi nou an ap fin deperi. An n priye pou je nou louvri e pou konsyans nou reveye pou nou di sètase paske sa resi twòp atò. Nou ta dwe gen tan fè sa deja. An n panse a ti moun nou yo k ap gade nou e ki ap jije nou kanmenm. An n panse a sakrifis zansèt nou yo te fè pou kite eritaj chèn n ap jwi jodi a pou nou. An n panse a frè ak sè nou nan tout kouch sosyal yo ki pa bouke goumen pou yo rete vivan pandan n ap gaspiye chans nou genyen pou nou konnen sa ki rele viv byen an. An n panse a Kreyatè nou tout gen pou kanpe devan Llan paske nou p ap gen okenn eskiz poutèt nou pa t fè byen nou te dwe fè a.

⁸ Rapò endis devlopman imen (IDH) Pwograam Nasyonziini pou Devlopman imen (PNUD) ki soti nan ane 2018 la prezante nou sitiyasyon plizyè endikatè pou Ayiti. Kantite tan pou yon moun espere viv lè ou fèt kounyeya se 65,8 ane pou medam yo ak 61,4 ane pou mesye yo ; kantite kòb chak grenn moun fè nan yon ane se \$1.400 ameriken; gen 67 % timoun ki mouri anvan yo gen 5 lane ; gen 13 kabann lopital pou 10 000 moun ; 3,5% teritwa a kouvri ak forè ; epi valè kòb ekspòtasyon ak enpòtasyon yo reprezante 75% PIB a.

⁹ Rapò *Doing Business 2019* la mete Ayiti nan 182^{nyèm} pozisyon sou 190 peyi, poutan pa 2018 la mete l nan 181^{nyèm} plas sou 190 peyi.

¹⁰ Ayiti nan 168^{yèm} plas sou 189 peyi nan rapò Endis devlopman imen (IDH) 2018 pwogram Nasyonziini an (PNUD). 5 plas peyi a Peyi a pèdi 5 plas pa rapò a ane ki sot pase a, sa fè li vin gen IDH ki pi ba nan Karayib la ak sou kontinan Ameriken an an jeneral.

¹¹ Transparency International, *Indice de perception de la corruption* (Endis jan moun yo apèsevwa koripsyon an) 2018, Entènèt. Ayiti klase 161^{yèm} sou 180 peyi.

¹² Yon rapò PNUD pibliye an 2005 kalkile gen 80% nan Ayisyen ki gen diplòm yo k ap viv andeyò peyi a. *Evaluation of UNDP Assistance to Conflict-Affected Countries*, Carrol Faubert ekri.

c. Pi gwo koz echèk sa a

Nan pati sa a, nou pral egzamine kèk nan gran pwèn ki lakòz echèk nou, men san nou pa antre nan analiz detaye sou kesyon sa a. Pou ki sa nou pa reyisi bati Ayiti nou te vle a ?

Pwojè inite nasyonal la pòkò janm reyalye

Nan konsyans nou kòm pèp, Kongrè Akayè a rete senbòl inite nou te fè pou nou te kapab jwenn libète nou. Poutan, nou pa rive pwoteje libète sa a epi nou pa konsève l, libète sa a menm san nou te koule pou li a. Nou echwe nan fè inite sa a vin yon reyalye ant tout kouch sosyete nasyonal la nan yon vizyon kolektif pou gen byennèt ak devlopman dirab. Pou nou fè sa, nou te ka chita sou deviz nasyonal nou an : « Men anpil chay pa lou (L'union fait la force) » men li pa sanble nou kwè ladan l deja ! Bondye li menm, nan Bib la, rekonèt sa pou verite e li vrèman kwè nan sa. Se poutèt sa, lè li te konstate inite nan premye sivilizasyon moun ki vin aprè delij la ki te konstwi Tou Babèl la, li te di : « Gade ! Yo tout fè yon sèl pèp. Yo tout yo pale yon sèl lang. Gade sa yo kòmanse ap fè. Talè konsa, anyen p ap anpeche yo reyalye nenpòt ki pwojè yo imajine. »¹³ Pou jan nou gen fòs lè nou mete nou ansanm ! E dayè ki sa n ap ka fè pou kont nou ki gen valè ? Èske se pa t nan yon inyon istorik nou te kase chèn esklavaj ? Èske nou pa t ini nou pou nou jwenn libète ? Donk nou oblije ini nou yon lòt fwa ankò pou nou fè egalite ak fratrinite a tounen yon reyalye toutbon vre.¹⁴ Yon inite konsa p ap egziste si nou refize depoze zam nou e bliye chirepit ki gen nan mitan nou pou nou chita pale. Sa n ap pale la a, se pa yon inisyativ pou moman an, ni se pa yon politik dyalog ant pati ki pa vle antann yo, men n ap pale de yon konferans nasyonal toutbon ki ranmase tout sektè nan sosyete a, mete yo chita sou yon tab pou deside avni nasyon an ak avni Ayiti nou vle bati a. Jounen jodi a, y ap pale lide sa yo anpil anpil nan zòrèy nou, epi yon konferans nasyonal vin pi endispansab chak jou ki pase, pou nou jete rankin ak dout ki mete distans nan mitan nou e ki anpeche kèlkeswa kolaborasyon rive fèt. Nou bezwen gason ak fi, nou bezwen kèk sitwayen ki dispoze sakrifye tèt yo sou lotèl enterè kolektif la e ki pare pou yo monte pi wo pase chirepit ki divize yo. Nou dwe aksepte pou nou sèvi modèl, pou nou fè premye bon pa k ap pèmèt nou lonje men bay lòt la epi pou nou koute l ak senserite epi konprann pwennvi l, pou nou reflechi avèk li sou avni nasyon nou an ak avni ti moun nou yo, san baryè, san rayisman, epi pou ansanm, nou idantifye epi pou nou dekouvri wout k ap mennen nan chanjman ak transfòmasyon. « Lè ou pa pran konsèy, plan travay ou p ap mache. Lè ou pran konsèy nan men anpil moun, ou mèt sèten travay ou ap mache byen. »¹⁵

Sistèm politik ak sosyal korwonpi ki soti nan sistèm kolonyal la

Sistèm politik ak sosyal nou genyen jodi a, te plizomwen fè pati diferan konstitisyon nou yo ak divès rejim politik ki te pase depi aprè Lendepandans lan. Men, sistèm sa a ki jodi a prèt pou li mouri, sistèm sa a ki bouke, ki pase mòd, kote tout pèp la voye l jete, chita sou yon seri valè negatif e k ap rale nou deyè, ki pa t pèmèt nou bati Ayiti nou te vle a. Sistèm sa a dire lontan akòz fòs fènwa k ap detwi nou tankou 'chak koukou klere pou je l' (endividyalis egoyis), konkirans inital, kesyon koulè po, klas sosyal, manti ak kout lang, eskizyon ak plizyè lòt ankò. Sistèm sa a nou jwenn nan kont popilè Bouki ak Malis yo, mete chak Ayisyen, chak

¹³ Jenèz 11 : 6, adaptasyon vèsyon kreyòl la.

¹⁴ Nan Ak Lendepandans nou an, yo mete plis aksan sou libète pase sou egalite ak fratrinite, men li posib pou yon moun wè entansyon pwofon Papa Fondatè yo nan yon seri pòsyon tankou « pran desizyon ki dwe fè bonè peyi a » ak « fè moun ki fèt sou tè Ayiti a gen yon gouvènman estab », elatriye. Konstitisyon 1801 an, li menm, konsakre egalite sitwayen yo nan atik 4, 42 ak atik 66 pa egzanp ; Konstitisyon enperyal 1805 lan mansyone byen klè egalite ak fratrinite nan atik 3 ak atik 4 li yo ; Konstitisyon 1806 la pale de egalite nan atik 3 ak atik 5 li yo.

¹⁵ Pwovèb 15 : 22

Ayisyen, fas pou fas tankou konkiran ki nan yon konba malonèt, tankou advèsè olye yo konsidere tèt yo kòm frè ak sè osinon kòm patnè. Nan relasyon endividyal nou ak relasyon kolektif nou, nou toujou ap chache rabese lòt la. Nou pa bezwen di nan yon sosyete kon sa a, gouvènman nou yo pa rive bay popilasyon an yon lavi miyò. « Lè pa gen moun ki konn gouvèn, peyi a pa ka mache. »¹⁶

Depi endepandans nou, an 1804, akòz sistèm politik e sosyal nou eritye de epòk kolonyal la, nou pase 52 prezidan pandan 215 lane e laplipa nan yo, swa yo te pran koudeta, swa yo te egzile yo, swa yo te asasinen yo sou pouvwa. Altènans politik ki se baz tout demokrasi ak respè règ jwèt demokratik yo pa t janm priorite nou. Okontrè, kouri dèyè enterè endividyal san gad dèyè olye nou defann byennèt kolektivite a epi goumen pou pouvwa tankou 'wete kò w ban m met pa m' (ki sanble anpil ak divizyon atifisyèl kolon yo te konn mete nan mitan esklav yo pou kenbe yo anba kontwòl yo e fè yo rete dosil) kenbe nou nan vyolans ak kriz politik san rete ki gen konsekans grav sou devlopman nasyonal la.

Pandan tout ane sa yo, sistèm sa a anjandre divès dispozisyon politik ak sosyal k ap repwodui esklizyon ak inegalite tankou, pa egzanp, valorizasyon Kreyòl Ayisyen an kòm lang ofisyèl peyi a byen ta¹⁷, gwo separasyon sosyopolitik ant moun lavil ak peyizan, ant ti moun lejitim ak ti moun deyò¹⁸, diferans ant peyi anndan ak peyi andeyò¹⁹, kesyon doub nasyonalite a ki rete yon mi separasyon ant frè ak sè ki pitit menm manman, rejim fiskal ki pa jis k ap frape peyizan yo, travayè yo ak klas ouvriye yo, sistèm edikatif ki gen plizyè vitès la, pratik « restavèk la » ki rete yon fòm esklavaj e ki kreye espas pou vyolasyon dwa ti moun yo, estigmatizasyon moun andikape yo, elatriye. Ansanm ak anpil lòt inegalite ki la nan sosyete nou an toujou.

Nou pa ka pa sòlve kesyon vyolans k ap fèt nan sosyete a atravè peyi a. Nou p ap pale de vyolans moun ka wè ak vyolans fizik sèlman men n ap pale de yon vyolans ki la anba anba k ap pèsiste lakay nou. An reyalye, anplis divès prejije nou site pi wo yo, gen gwo chirepit nan mitan fanmi yo ki transmèt jenerasyon aprè jenerasyon : chirepit ki egziste ant ti moun (« pitit kay » ak « pitit deyò »), ki gen pozisyon diferan (nasyonalite diferan), sèks diferan, chirepit ki sòti nan rayisman famiyal yo, nan konfli rejyonal yo. Santiman rayisab sa yo travèse plizyè jenerasyon epi yo manifeste chak jou atravè abi granmoun yo ap fè sou ti moun yo ak abi otorite yo ap fè sou moun ki plase anba yo, sou fanm yo tou, e anfen atravè vyolans estriktirèl sosyete nou an ki pa rekonèt dwa fondannatal moun yo dwe jwi yo.

Akòz nou manke yon angajman ki klè epi ki radikal pou derasinen mantalite esklizyon ak prejije sa a, n ap kenbe sosyete ak sistèm politik depase nou genyen jounen jodi a pou lontan ankò. Jounen jodi a, nou oblije chanje jan bagay yo abitye fèt depi dikdantan e pou nou fè mesaj repantans sa a nou jwenn nan liv pwofèt Ezayi a vin tounen pa nou : « Manyè netwaye lavi nou non ! Mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen non ! Sispann tout lenjistis mwen wè n ap fè yo ! Wi, sispann fè sa ki mal ! Manyè aprann fè sa ki byen ! Chache fè sa ki dwat devan mwen ! Pran defans moun y ap kraze yo ! Defann kòz ti moun ki san papa ak fanm ki pèdi mari yo »²⁰

¹⁶ Pwovèb 11 : 14

¹⁷ Apre desanjan, se sèlman Konstitisyon 1964 la (nan atik 35 lan) ki « pèmèt e menm rekòmande » moun « sèvi ak lang Kreyòl » epi se jis nan Konstitisyon 1987 la (nan atik 5 lan) yo rekonèt lang Kreyòl la kòm premye nan « lang ofisyèl » peyi a. Mete sou sa, se sèlman 4 desanm 2014 yo kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an.

¹⁸ Sou batistè nou yo, eta sivil nou an te rekonèt de kalite sitwayen, sitaden (moun lavil) ak peyizan. Konsa tou, li te rekonèt de kalite ti moun, ti moun lejitim ak ti moun deyò (natirèl) ki pa t gen menm dwa.

¹⁹ Nou ka wè sa, pa egzanp, nan plizyè dispozisyon legal tankou Kòd riral Boyer (Bwaye) a an 1826 epi Kòd riral François Duvalier (Franswa Divalye) a an 1962 ki sanble, nan anpil ka, ak ansyen dispozisyon kolonyal yo.

²⁰ Ezayi 1 : 16, 17

Repetisyon move chwa ekonomik nou yo

Yon lòt koz enpòtan, menm lè l soti nan de premye yo, se repetisyon move chwa ekonomik nou yo. Yon lòt fwa ankò, chwa sa yo chita sou valè negatif ki mete enterè endividyèl yo (e pafwa menm enterè etranje yo) avan enterè majorite a epi ki mete satisfaksyon konnya avan satisfaksyon k ap dire lontan yo.

Petèt kesyon tè a se egzanp ki pi klè nan chwa estratejik premye lidè nou yo pa t rive fè yo e ki, ak tan k ap pase, konplike lavi nou kòm pèp nan anpeche nou mache pou nou rive nan pwogrè ak pwosperite. « Chak bagay gen jan pou yo fè l ak lè pou yo fè l. »²¹ La ankò, san yon dyalòg onèt e ki gen tout moun ladan l, nou p ap ka degaje yon vizyon pou lavni k ap pèmèt nou atake pwoblèm yo nan rasin. « Lè pa gen moun ki pou fè pèp la konnen sa pou l fè, pèp la an debandad nèt. »²²

Pèyman Dèt Endepandans lan te reprezante yon chèn nou pa ka neglije ki te anpeche devlopman nasyon ayisyen an. San nou pa antre nan analiz politik dezisyon sa a gouvènman ayisyen an te pran yon ventèn lane aprè endepandans nou an, li klè resous yo depanse pandan plis pase yon syèk pou peye dèt la reprezante yon valè pwogram edikatif, agrikòl, sanitè ak sosyal yo pa rive mete sou pye pou chanje kondisyon lavi sitwayen yo.

Chwa ekonomik ki pa pote fwi nou fè yo, jan nou souliye sa, se avantaj pou ti bout tan ak enterè endividyèl mesken ki te motive yo, nan plas yon vizyon k ap dire lontan pou byen kolektivite a. Konsa, nou chwazi enpòte epi nou chwazi vann olye pou nou pwodui. Nou chwazi louvri mache nou an olye nou pwoteje l. Nou chwazi sibvansyone gaz olye nou ankouraje investisman nan enèji. Nou chwazi favorize yon ti minorite olye nou favorize majorite a.²³

Jounen jodi a ankò, nou chwazi aksepte èd entènasyonal la san nou pa poze tèt nou kesyon sou ni kòman ni pou ki sa. Malgre kontribisyon anpil donatè ak moun k ap fè zèv imanite, li klè èd la mennen konsekans katastwofik nan tout sosyete a. Epoutan, nou refize bay tèt nou mwayen pou nou soti nan asistans, kòm peyi, pou nou lite kont kontrebann e pou nou antre taks peyi a bezwen pou li granmoun tèt li nan kesyon lajan. Aktyèlman, Ayiti tounen yon repiblik ONG, yon peyi k ap mande lacharite. E sa pa sanble li nui pèsòn. Nou pa antreprann anyen pou ankouraje sitwayen nou yo ki gen mwayen pou yo kontribye, pou ankouraje sitwayen yo angaje yo pou nou tire benefis pou reyalize inisyativ kolektif ki kapab rann nou fyè. Tout sitwayen ta ka finanse wout ki mennen nan katye bò lakay li e ta vle fè sa ak kèk 'adoken' e ak fòs kouraj li.

Jodi a n ap peye konsekans move chwa sa yo chè.

Pèt valè moral yo ki lakoz yon kriz sosyal

Lè diktati a tonbe an 1986, nou te antre nan yon peryòd espwa ke tranzisyon demokratik la ap goumen pou li konkretize depi lè sa a. Ayisyen ki vin aprè peryòd Divalye yo te oze kwè nan yon peyi tounèf ak yon seri lidè responsab, ki kapab bati Ayiti nou te vle a.

²¹ Eklezyas 8 : 6

²² Pwovèb 29 : 18

²³ Nan menm sans sa a, li liv enteresan sa a, Jeffry Odell Korgen ak Vincent A. Gallgher ekri ki rele *The True Cost of Low Prices: The Violence of Globalization* (Ki sa Pri Ba yo Koute Toutbon : Vyolans Globalizasyon an)

Malerezman, nou konstate chak jou pi plis, frè ayisyen nou yo gen tandans pran chemen plezi ak dezi materyèl egoyis yo, yo konsantre yo sèlman sou enterè pèsonèl yo. Dezòmmè se sèl bousòl k ap gide mantalite yo. Malgre Legliz ak otorite moral yo pa janm sispann preche lanmou, fratènite ak lapè, moun yo pèdi chimen ki mennen nan valè enpòtan sa yo. Kidonk, yo tonbe nan konfizyon nan chwazi viv nan yon sosyete kote pouvwa, lajan, sèks ak enterè ap gouvène.

Oryantasyon moral nou pèdi a, iresponsablite dirijan nou yo, mete sou divès faktè politik ak faktè ekonomik e menm sosyal, lage sosyete a nan yon kriz grav jounen jodi a. Yon kriz ki riske detwi ti rès ki rete nan nasyon nou an, si nou kontinye rete bra kwaze. Pèvèsyon senbòl otorite yo (grandèt, notab, kèk metye ki ta dwe merite respè, paran, lidè relijye, enstitisyon tankou lame, Lekòl, legliz, elatriye.), valè pozitif nou pase anba pye yo, lafanmi k ap detwi ak akiltirasyon an k ap ogmante chak jou vin pote yon gwo deriv sosyal kòm konsekans; yon deriv sosyal ki gen eklatman estrikti fondamantal yo, fanmi yo, lakou ak katye yo ak yon 'devan pòt tounen dèyè kay' kòm baz. Pwofèt la fè tandè vwa l ankò : « Madichon pou moun ki vle fè byen pase pou mal, mal pase pou byen, pou moun k ap di fènwa se limyè, limyè se fènwa. »²⁴ Relasyon famiyal yo ak relasyon vwazinaj yo pa sa yo te ye anvan, epi separasyon fanmi yo, sitiyaasyon egzòd (anndan peyi a oswa aletranje) antrene, lakòz bon koutim yo fin ale. Vyolans se sèl kòk chante. Sa nou pa t espere wè nan pi move rèv nou yo se li n ap wè chak jou. Respè otorite ak onè nou dwe gen pou senbòl sosyal nou yo fin ale pou kite plas yo bay 'bandi legal'. Nou adopte yon demokrasi pèpè ki pa pran sa nou gen lakay nou ki sakre pou anyen. Pratik fè lajan san redi a ranplase reyisit nan travay di. Jèn yo, olye yo vin atizan ak pwofesyonèl responsab e konsekans, vin tounen moun k ap fè move zafè osinon chèf gang. Kounye a, se gwoup ame k ap fè lalwa anba pwoteksyon menm moun ki responsab pou kondui nou sou chemen lalwa yo. Pwofil moral moun ki reprezante nou yo fin pale ! Lidè, otorite nan Leta ak bandi se mouche ak madanm ! Kòm nou pèdi tout santiman moral nou, nou kouri dèyè larichès san travay, plezi san konsyans, konsepsan san karaktè, komès san moralite, lasyans san kè nan men, relijyon san sakrifis ak politik san prensip²⁵.

Silans Legliz la

Legliz la te la lè bagay yo te kòmanse dejenere. Gen kèk moun nan Legliz la ki te kontribye tou, swa yo fè espere swa san yo pa konnen, nan kreye sitiyaasyon n ap viv la. Plis nou ap chache konprann nati ak rezon enjistis ak inegalite yo, se plis n ap wè tèt nou ladan yo, sou kèk pwen, nou rekonèt nou konplis tou, nou rekonèt nou te fèmen je nou, epi li difisil pou nou dakò nou fè pati moun ki asepte bagay yo rete jan yo ye a.

Poutan, Legliz te dwe leve vwa li. Nou te dwe natirèlman suiv kòmandman Lemyèl la, saj la, lè li pase lòd sa a : « Louvri bouch ou pale pou moun ki pa ka pale pou tèt yo. Defann kòz moun ki san sekou yo. Pale pou yo. Pa fè patipri. Defann kòz malere yo ak endijan yo. »²⁶ Legliz la, tankou tout lòt enstans nan sosyete a, rekonèt tèt li jounen jodi a kòm youn nan responsab sitiyaasyon n ap viv la a tou, swa nan aksyon l, swa paske l te kwaze bra l. Se poutèt sa, li vle pran desizyon angaje l piblikman pou li travay pou chanjman ak transfòmasyon ayisyèn ak ayisyen yo. Ayiti sa a nou vle bati a p ap vin yon reyalite san kontribisyon ki soti nan kè chak pitit gason ak pitit fi l, kòmanse sou sa ki di yo nan Legliz la.

²⁴ Ezayi 5 : 20

²⁵ Yo konn di se Gandhi ki ekri lis sa a

²⁶ Pwovèb 31 : 8-9

Yon apèl piblik pou nou pran konsyans e pou nou repanti

Kèlkeswa jan sa ye, nou pa pèdi santiman fyète nou, kapasite pou nou revòlte epi pou nou leve vwa nou kont sa nou pa dwe aksepte. Nou pa delala jiskaske pou nou pa ka di non ! Men fòk nou sispann fè jwèt kachkach sa a, pou nou sispann viv kalite relasyon sa yo kote youn dwe genyen nan kraze lòt la, kote pou youn genyen fòk lòt la pèdi, oswa kote tout moun pèdi (jwèt ravèt la). Pou ki sa nou tout pa ka genyen ansanm ? Pou ki sa nou pa goumen pou nou konstwi yon sosyete kote tout moun jwenn ? Nou kapab reyisi ansanm si se sa nou deside !

Menm jan ak Rachèl ki « pa [t] vle pèsonn ba li kouraj »²⁷ lè pitit li yo te mouri a, nou refize solisyon k ap soulaje nou pou yon ti tan, konsolasyon ki soti nan fo espwa yo avèk pwomès ki pa kanpe sou anyen y ap repete repete depi plizyè ane. « Yo pa pran malè ki rive pèp mwen an pou anyen. Y ap plede di : “Tout bagay ap mache byen, pa gen danje.” Epi manti ! Alòske tout bagay ap mache mal. »²⁸ Tankou Neyemi ki te gen kè l touche devan Jerizalèm ki t ap depafini an, nou vle konsyans nou touche tou, nou vle santi yon bon endiyasyon pran nou, pou n leve vwa nou, epe nou nan yon men epi tiwèl nou nan lòt la²⁹, pou n travay pou nou rebati peyi nou an.

²⁷ Matye 2 : 18

²⁸ Jeremi 6 : 14, tradiksyon lib.

²⁹ Sa a se te konpòtman pèp Israyèl la, nan moman yo t ap rekonstwi Jerizalèm, nan epòk Neyemi. Yo t ap travay pandan yo t ap veye lènmi li yo. Li Neyemi 4 : 17.



4. VIZYON NOU – PEYI NOU REVE E NOU VLE BATI A

Peyi nou toujou vle bati a

Vizyon nou genyen pou peyi a

Nan liy ki pi ba yo, nou vle deklare vizyon nou genyen pou nouvo Ayiti sa a.

Ayiti n ap bati a se yon nouvo peyi kote, bò ane 2050 lan :

- Responsab ki nan Leta ak responsab ki nan prive yo montre jan yo renmen Ayiti avèk pèp la epi yo se modèl valè sa yo : entegrite, onètete, pa nan paspouki (jistis), jistis sosyal, transparans ak nan rann kont sou jesyon yo. Sa ki ankouraje patisipasyon ak entegrasyon tout moun ;
- Lajistis se sèl chèf, nan kad yon sistèm jistis k ap mache, ki pwòp, ki mache ak reyalite nou e ki granmoun, paske lòt pouvwa yo pa mete bouch nan zafè l ;
- Yo garanti kontwòl teritwa nasyonal la nèt, ak sekirite lavi ak byen ki nan tout espas peyi a. Konsa, ap gen yon anviwònman ki ankouraje touris ak investisman lokal ak investisman etranje ;
- Fanmi yo estab, yo pran responsablite yo epi yo jwe wòl yo kòmsadwa pou devlopman ti moun yo, pwoteksyon jèn yo, devlopman yo ak entegrasyon yo nan sosyete a. Espò se yon zouti efikas pou gen lapè, pou mare moun yo ansanm nan sosyete a epi pou ede nan devlopman fanmi yo, sitou pou ti moun yo, jèn moun yo ak moun ki gen bezwen espesyal yo ;
- Gen yon sistèm sante fizik ak sante mantal ki solid, ki modèn, k ap pote bagay ki nouvo, ki ka kenbe tèt li finansyèman, ki ofri tout kategori moun sèvis, epi ki kapab bay pèp ayisyen an, menm moun ki pa gen gwo mwayen yo, yon eta sante k ap pèmèt li mennen yon vi sosyal ak yon vi ekonomik ki itil ;
- Gen yon sistèm edikatif tout moun fasil pou frekante, ki trete tout moun menm jan, ki modèn e ki reponn a prensip kalite yo, ki respekte valè nou yo ak kilti nou ;
- Gen yon ekonomi ki konsantre sou pwodiksyon nasyonal, k ap bay tout moun travay, ki bay majorite popilasyon an aksè a kredi a to ki ankourajan e konpetitif etan l ap kreye kondisyon pou gen devlopman dirab ;
- Yo fè pwomosyon yon agrikilti ki respekte anviwònman an, ki modèn, k ap pwodui, ki konpetitif, ki ka reponn a bezwen popilasyon an, yon agrikilti ki ka kreye travay e k ap fè dola rantr nan peyi a epi yo pratike l ;
- Gen yon sosyete kote gason ak fi ap pratike dyalòg san rete, yon dyalòg ki vre, sensè, fasafas, yon jan pou yo toujou prè pou yo kolabore nan tout nivo ; kote moun ki pi fèb yo jwenn pwoteksyon, kote yo bay travay valè ;
- Tout moun gen aksè a sèvis sosyal fondamantal yo nan kad lwa ak prensip ki adapte ;
- Gen yon anviwònman pwòp, kote moun ka viv byen e ki pwoteje, ki ka reziste ak chanjman klimatik ak katastwòf natirèl ;
- Chak Ayisyèn, chak Ayisyen, chak fanmi, chak kominote se yon aktè pwoteksyon sivil nan kad yon sistèm nasyonal jesyon risk ak dezast k ap mache, ki byen jere epi ki mache pou kont li.
- Yon seri sitwayen ki gen konsyans, ki renmen peyi yo epi ki ba l valè ansanm ak patrimwàn natirèl, patrimwàn istorik ak patrimwàn kiltirèl li, etan y ap fè devwa sitwayen yo.

Fòs nou ak okazyon nou gen devan nou (opòtinite)

Seyè a fè nou kado anpil fòs ak opòtinite nou ka eksplwate pou nou mete peyi n ap bati a kanpe.

Jenès nou an se yon rezèvwa fòs ak talan e li toujou vle kwè nan yon Ayiti ki lib, ki fyè e rich, kote l santi l lakay li. Yon bon pati nan dyaspora a ofri tèt li deja, nan tout domèn, san enterè, pou byen frè nou ak sè nou yo. Yo chwazi pou yo ayisyen, ayisyèn epi yo chwazi rete ayisyen, ayisyèn, malgre tout sa ki rive. Tè nou an chaje resous lanati fè nou kado, nou genyen yon peyi lòt moun anvyè, nou se yon pèp ki entèlijan tou natirèlman, ki gen yon pase san parèy ak yon kilti ki rich anpil. Rèv zansèt nou yo rete vivan nan nanm chak grenn ayisyen. Gwo ideyal libète ak jistis sosyal Papa Fondatè nou yo te simen nan konsyans kolektif nou toujou la, yo ka toujou jèmen pou bay fwi. Rèv sa a vivan toujou, malgre frè ak sè nou yo pa twò byen konnen istwa nou. Nou toujou santi raj Tousen ak Desalin te santi devan lenjitis ak sa ki mal, pa gen mo pou rakonte l.

Mete sou sa, nou gen yon okazyon istorik pou nou pran yon angajman, parapò a jan sitiwayon nou grav jodi a, pou nou pa sibi jijman negatif jenerasyon k ap vini yo. Nou pa ka rete bra kwaze, men nou gen yon dèt anvè zansèt nou yo, anvè ti moun nou yo, anvè pwòp tèt nou e anvè Bondye. Nou gen responsablite ak kapasite kòm kretyen pou nou aji tou, gras ak talan nou ak lafwa nou nan Bondye ki ban nou fòs, kòm bon jan eritye Neyemi ki te chwazi pa rete bra kwaze. Zanj lan te di Jedeyon : « Ale non ! Avèk fòs kouray ou genyen an, ou va delivre pèp Israyèl la ». ³⁰ Nou reprezante yon fòs yo pa ka neglije si nou deside fè yon diferans jodi a. Nou dwe kòmanse konprann ke bon kretyen vle di fòseman bon sitwayen. Èske tout nasyon k ap fè pwogrè jodi a se pa sou valè kretyen tankou entegrite, kè nan men, jenewozite, padon, kouraj, ak renmen yo bati, e ki pa rete ap dòmi ?

a. Valè fondamantal nasyon n ap bati a

Vizyon nou an fonde sou valè sa yo :

Etik ak respè lavi

« Mwen menm mwen vini pou moun ka gen lavi epi pou yo genyen l an kantite. »³¹

Nasyon n ap bati a kanpe sou valè moral ak valè kretyen ki te pèmèt limanite ekri Deklarasyon inivèsèl dwa moun ak sitwayen an. Se valè sa yo nou rele etik e ki sipòte devlopman tout peyi, paske yo egziye respè lavi, lajistis, enpòtans lafanmi, respè pou otorite, souvèrènte nasyonal, entegrite ak pwopriyete prive, pami yo. Se avèk etik sa a Ayisyen an ap kapab bati tèt li epi l ap kapab bati nasyon l lan tou.

Libète ak souvèrènte

« Bondye te rele nou pou n te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv daprè egzijans lachè. Okontrè, se pou nou youn sèvi lòt nan renmen nou genyen youn pou lòt. »³²

Libète se prensip ki pèmèt chak grenn moun ak chak gwoup moun mèt tèt yo. Sitwayen nasyon sa a lib e y ap jwi dwa fondamantal yo. Nou mete aksan sou libète Kreyatè a, Konstitisyon an ak Lalwa ban nou.

³⁰Jij 6 : 14

³¹ Jan 10 : 10

³² Galat 5 : 13

Nasyon n ap bati a lib epi li endepandan. Li souvren, sètadi li mèt tèt li, pandan li kite pòt li ouvè pou lòt yo. Yon peyi ki mèt tèt li pa pran dikte nan men okenn lòt nasyon men se li menm poukont li ki deside pou prezan l ak avni l parapò ak prensip li fikse pou tèt pa l. Poutan, nou rekonèt n ap evolye nan yon kontèks entèdepandans ki mete kesyon souvèrènte absolwi a sou kote epi pa gen okenn peyi ki ka rete san l pa etabli relasyon pozitif ak lòt nasyon yo. Se poutèt sa tou, nou rekonèt nasyon nou an pa dwe rete izole men li dwe louvri pòt bay lòt yo epi li dwe kolabore avèk yo selon prensip fraterinite ak amoni ki dwe ini pèp yo.

Inite ak solidarite

« Bondye ranje kò a yon jan pou (...) pa gen divizyon (...) men pou tout manm yo youn pran swen lòt menm jan an. Si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè l tou. »³³

Nasyon n ap bati a dwe gen inite ak solidarite. Deviz nasyonal nou an « Men anpil, chay pa lou » (L'union fait la force) montre nou wout solidarite sa a. Se nan solidarite, jan listwa montre sa, drapo a te kreye, kòm rezilta inyon nwa yo ak milat yo. Jodi a, yon solidarite kon sa a dwe pouse nou reyini sè ak frè ayisyen tout kategori, kèlkeswa sitiyasyon yo, san manke pèsoun. Se yon bagay ki pa bon e ki menm gen danje ladan l lè nou konstwi yon vizyon sou estigmatizasyon ak eksklizyon. Paske alafen, nou tout se frè ak sè menm si nou diferan.

Lajistis

« Pou w gouvènè, ou kanpe sou lajistis ak respè lalwa. »³⁴

Nosyon lajistis la ale pi lwen pase yon senp refòm nan sistèm jistis la. Li se prensip ki dwe gouvènè nasyon nou an e ki, dapre liv Sòm yo (al gade pasaj pi wo a), gouvènè wayòm Bondye a li menm. Konsa, lajistis pa vle sèlman di pini moun ki koupab yo men li vle di tou rann lavi a jis sètadi trete tout moun menm jan, san paspouki, san fòs kote, epi korije relasyon yo. Yon bò, jistis sa a se jistis pèsone e yon lòt bò, se jistis sosyal ; youn antre nan lòt.

Wòl tout sistèm gouvènman, se pa sèlman fè lavi moun ki viktim enjistis yo rive pi tolerab, men se pou yo korije l nan relasyon ki jis e ki gen respè, atravè pwomosyon dwa fondamantal yo avèk jistis sosyal. Nou pa ka separe jistis sa a ak bon kè ak imilite, si se pa sa, jistis la ap vin twò di epi l ap awogan. « Monchè, (...) sa [Seyè] a mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li. »³⁵

Travay

« Menm jan an tou, kiltivatè a dwe kòmanse travay di si li vle rekòlte ; kiltivatè ki travay di a, se li menm an premye ki pou resevwa pa l nan rekòt la. »³⁶

Nasyon n ap bati a pral rezilta bon travay pitit fi ak pitit gason li yo ap fè ak angouman. Dayè, nou pa ka konstwi anyen san travay. Se nan travay nou te rive konstwi byen komen sa a n ap jwi jodi a e se nan travay tou n ap fè l tounen fyète nou. Travay, se swè fwon nou, se san ki nan venn nou epi se pèsèverans nan efò n ap fè yo. Gen yon prensip nan lavi ki rekonèt pa gen anyen ki gratis men tout bagay mande sakrifis epi mande pou w bliye tèt ou. Se te filozofi Papa Fondatè nou yo, li ta dwe filozofi pa nou tou jodi a.

³³ 1 Korentyen 12 : 24-26

³⁴ Sòm 89 : 15, tradiksyon adapte sou vèsyon franse ki rele *Parole de vie* a

³⁵ Miche 6 : 8

³⁶ 2 Timote 2 : 6

Nasyon n ap bati a se yon nasyon ki ap travay tou. Nou dwe bay egzanp nan travay di e sitwayen an pa dwe regrèt anyen lè li mete men li nan pat la. Kalite etik travay sa a ap fè nou refize fè lajan san redi. L ap pèmèt nou bay tèt nou manje e l ap fè nou kontinye travay avèk asirans Bondye ap « fè nou reyisi nan tout sa n ap fè ! »³⁷

Nasyon n ap bati a ap travay pou pwogrè. Egzanp nou jwenn nan moun ki te la anvan nou yo ban nou volonte pou nou bati sou sa yo te kite, pou nou fè pi byen, pou nou monte pi wo, epi pou nou ale pi lwen. Pandan n ap pale de pwogrè, Ayiti siyen akò pwogram 17 Objektif Devlopman Dirab yo (ODD) pou lane 2030 lan. ODD sa yo reprezante youn nan divès fason nou kapab defini objektif nou pou nou trase wout nou vle pran pou nou amelyore lavi sitwayen parèy nou yo.

Responsablite, transparans ak rapò sou jesyon lajan

« Yon sèl bagay yo mande yon responsab, se pou l yon moun serye. »³⁸

Nasyon n ap bati a se yon jeran ki responsab tout resous Kreyatè a mete nan men l yo. Se poutèt sa, li dwe jere yo ak sajès pou byennèt kominote a, li oblije itilize yo pi bon fason li kapab e l ap gen pou l rann kont ak onètete e transparans. Lè w responsab tout bon vre, ou konnen Ayiti se pou tout pitit li yo li ye, ou konnen yo tout gen dwa ladan l, ou konnen dirijan yo dwe moun y ap dirije yo rapò epi ou konnen pou w pa sèvi ak resous nasyonal yo, ke se resous materyèl oswa resous imateryèl yo, kont enterè popilayon an oswa anviwònman an.

Lafanmi

« Se pou chak mari renmen madanm li tankou li renmen tèt pa li, epitou se pou chak madanm respekte mari li. Ti moun, (...) respekte papa ou ak manman ou. (...) Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak ti moun nou yo yon jan pou eksite yo. »³⁹

Nasyon n ap bati a chita sou lafanmi. Nou rekonèt se fanmi ki fòme kominote nou yo, e fanmi yo fòme ak grenn moun e nou toujou bat pou nou sonje anpil nan fanmi sa yo gen yon sèl paran. Tank fanmi yo rete soude epi yo fè pwomosyon pou respè, renmen, lonètete ak solidarite, se tank y ap rete yon sous fòmasyon pou sitwayen nou yo epi y ap mennen nou nan peyi nou vle genyen an. Ranfòse lafanmi epi pwoteje l se youn nan kondisyon pou nou prepare sitwayen k ap bati Ayiti rich nou vle genyen demen an.

Pou pratike valè sa yo

Vizyon nou an, jan nou prezante l la a, ap mennen nou rive nan Chalòm lan. Pi souvan, konsèp biblik sa a esplike yon eta byennèt, kè poze, richès ak sekirite ki egziste nan yon kominote moun. Se yon sitiyasyon kote yo depase tout konfli, tout chirepit ak tout twoub sosyal e kote yo deside kiltive amoni ak antant. Chalòm lan, anvan tout bagay, se manifestasyon gras Bondye. Chalòm, se lè yo rekonèt imaj Bondye nan chak grenn moun, yo pwoteje l epi yo kiltive l. Se vizyon ki te etabli depi nan Jaden Edenn nan e se restorasyon Bondye vle bay tout relasyon ki kraze. Li di nou sa nan deklarasyon sa a ki soti nan Ansyen Testaman an : « Tout moun va viv ak kè poze anba tonèl rezen yo, anba pye fig frans yo. Pèsonn p ap chache yo kont. »⁴⁰ Chalòm, se lè n ap viv nan sekirite, nan bonè ak lapè pafè.

³⁷ Sòm 90 : 17

³⁸ 1 Korentyen 4 : 2, tradiksyon adapte sou vèsyon fransè ki rele *Parole de vie* a

³⁹ Efezyen 5 : 33 ; 6 : 2, 4, tradiksyon lib

⁴⁰ Miche 4 : 4

Valè sa yo p ap ka aplike toutotan nou pa deside gen yon angajman ak yon konsantman pèsònèl epi kolektif. Se pou nou antre yo nan sibkonsyan nou, se pou nou valorize yo nan relasyon nou yo, se pou nou pataje yo nan divès kanal kominikasyon nou genyen yo epi se pou nou pratike yo nan Legliz la ak nan sosyete a an jeneral pou nou rive jwenn yon nouvo leta, yon nouvo peyi. Nou pran angajman pou nou viv yo nan relasyon nou chak jou, pou nou preche yo epi pou nou defann yo. Sèl yon nivo angajman kon sa a ka atire benediksyon Bondye sou nou ak nasyon nou an.

b. Misyon Legliz la genyen

Yon wòl pwofetik

Vokasyon Legliz la se pou li jwe yon wòl pwofetik nan monn sa a. Yon vokasyon kon sa a mande, menm jan ak pwofèt Ansyen Testaman yo ki te gen responsablite transmèt mesaj Bondye a bay konpatriyòt yo, pou mesaj sa a pale ak konsyans moun k ap resevwa l la. Dayè, pwofèt lontan yo pa t sèlman genyen pou yo te kominike yon mesaj, yo te dwe viv li tou, pou moun bò kote yo ; konsa mesaj la t ap ka sèvi kòm siy vivan volonte Bondye genyen pou jenerasyon yo a. Yon lavi kon sa a pa t konfòtab ditou paske li pa t konfòme l ak lòt yo epi li pa t rete an silans. Pwofèt la te genyen yon gwo fado kote sèl fason pou l te depoze l se pale pou li te pale. « Men, lè m di : Mwen p ap nonmen non Seyè a, mwen p ap pale nan non l ankò, mesaj ou yo te tankou yon dife nan zo m k ap boule tout anndan m. Mwen fè sa m kapab pou anpeche l soti. Malgre sa, li soti soti l. »⁴¹ Donk, Legliz la gen yon misyon pwofetik, paske Bondye rele l pou li pale e pou li viv Levanjil Jezikris la nan kominote nou yo epi nan peyi nou an. Nou pa gen lide rete bra kwaze menm pou n ap gade nasyon nou an k ap depafini. Se nou ki pou leve vwa nou pou nou avèti nasyon an e pou nou mache kòm modèl pou nou montre ki sa Bondye vle.

Labib prezante nou plizyè egzanp kote pwofèt yo menm te manke jwe wòl sa a epi yo te manke enplike yo nan pwoblèm nasyon tan pa yo t ap konfwonte yo. Nou jwenn yon ka kon sa a nan liv pwofèt Ezekeyèl la kote Letènèl deklare : « *[Pwofèt] yo pa t moute lagad kote miray la te make kraze a, ni yo pa t rebati miray yo. Konsa, moun Izrayèl yo pa gen defans lè lagè va pete jou jijman Seyè a.* »⁴² Konsa nou wè pwoteksyon pèp Izrayèl la pa t depann de moun ki t ap gouvène yo ak militè li yo ase men, li te depann de aktivite espirityèl pwofèt li yo tou. Menm jan an tou, vwa pwofetik jounen jodi yo, nan Legliz la, ap sèvi kòm « defans » pou nasyon ayisyen nan.

Nan liv Tony Perkins ak Harry R. Jackson Jr. ekri ki rele *Personal Faith, Public Policy* [Fwa pèsònèl, Politik piblik] a, yo prezante ban nou senk jan pou nou jwe wòl pwofetik sa a :

1. *Nan mennen yon lavi ki dwat.* Legliz la dwe gen temwayaj solid, temwayaj kèk grenn moun an patikilye epi pwòp temwayaj li limenm kote li reyisi nan domèn kote li vle ede lòt moun yo. Se pa sèlman louvri bouch pou pale men fòk li se modèl pou suiv lan tou.
2. *Nan poze bon aksyon.* Legliz la dwe kòmanse sèvi nasyon an anvan li gen kredibilite pou li fè fas avèk li. Se pa sèlman defann pou li defann pòv yo ak moun y ap imilye yo, men se pou li ede yo sou yon baz endividyèl e kolektif.

⁴¹ Jeremi 20 : 9

⁴² Ezekeyèl 13 : 5

3. *Nan fè kanpay ki nesesè yo.* Legliz la dwe gen sousi pou jan nasyon an wè travay li yo. Lèt Pòl ekri pèp Women yo aprann nou « Sa ki byen pou [nou] pa dwe yon okazyon pou fè yo pale [nou] mal. »⁴³ Konsa fòk nou mete sou pye bon jan kanpay sansibilizasyon pou nou depase vye lide ak pawòl opozan nou yo ap itilize pou divize nou yo.
4. *Nan priye byen.* Nou dwe aprann priye e nou dwe aprann padone lènmi nou yo. Si nou kite kè grenn enstale lakay nou, Bondye p ap sèvi avèk nou pou pote konviksyon Lespri Sen an nan peyi nou an.
5. *Nan pwononse bon pawòl yo.* Nou dwe rive di laverite ak renmen nan kè nou.⁴⁴

Yon wòl sosyal, yon wòl istorik

Transfòmasyon Levanjil la ofri a konsène tout aspè ki nan lavi a. Anyen pa ta dwe chape anba travay transfòmasyon li an paske pa gen anyen ki pa anba kontwòl peche. E si anyen pa epaye, tout bagay nèt dwe sove. Se fonnman sa a menm anpil moun rele misyon entegral la, misyon konplè a. Annik li jounal epi n ap wè transfòmasyon konplè a se yon nesesite. Chak jou, n ap tandè pale de vyolans, de povrete, de maltretans ak eksplwatasyon, de koripsyon, de grangou. Chak jou, n ap tandè istwa moun ki pa ka jwenn travay oswa moun sosyete a mete sou kote. Se chak jou n ap wè peche a k ap fofile kò l nan tout aspè nan lavi a. Peche a pa rete nan lavi pèsònèl oswa nan lavi prive moun yo sèlman, li antre kò l nan enstitisyon yo, nan sistèm yo tou. Pakèt mirak Jezi te fè pandan ministè li a byen montre egzanp transfòmasyon entegral sa a. Chak mirak vo plis pase yon mirak ; se yon leson fondamantal sou nati moun yo, sou bezwen fondamantal yo, epi sou jan Bondye konble yo.

Nou pa dakò ak fo doktrin sa a ki redui Levanjil la nan yon kesyon sali pèsònèl sèlman. Okontrè, Levanjil nou an gen bon jan aspè politik, ekonomik ak sosyal ladan l – se tout aspè lavi nou ak sosyete nou yo ki dwe konvèti. An reyalite, se pa pèp yo sèlman, men peyi yo, pouvwa yo ak otorite yo tou ki dwe repanti epi ki dwe kase tèt tounen jwenn Bondye finalman.

Legliz, nan sans sa a, ap egzèsè menm manda avèk otorite ki nan monn sa a. Bondye plase lòt Li fè parèy ak li nan kreyasyon an pou yon rezon ki klè. Nou menm, ansanm ak tout lòt moun ak tout pouvwa ki nan monn lan, nou gen manda pou nou pwoteje kreyasyon an, pou nou mete lòd ladan l epi pou nou fè l bay fwi⁴⁵. Aspè tanporèl sa byen sòti nan 17 aspirasyon Objektif Devlopman Dirab Nasyonzi yo. Objektif sa a yo se yon estrateji, pami plizyè lòt, pou rezoud pwoblèm sosyal, pwoblèm politik ak pwoblèm ekonomik monn nou an.

Nou genyen menm responsablite a, nan kreyasyon chite sa a, pou nou limite kous mal la, pou nou pwoteje moun anba lòt k ap toupizi yo oswa eksplwate yo, pou nou garanti lajistis e pou nou rekonpanse moun k ap fè sa ki byen⁴⁶. Se poutèt sa, se ak tout kè nou n ap kolabore ak tout gouvènman k ap reyalize manda sa a pou atenn objektif sa yo ki soti nan Bondye. Chak fwa wayòm monn sa a kontrarye sa Bondye ap chèche fè nan nenpòt nan objektif sa yo, n ap plede pou gen chanjman epi n ap kanpe anfas pouvwa yo a, kèlkeswa konsekans ak chòk sa ka genyen sou enterè nou yo. Se avèk kouraj ak entegrite ki soti nan Sentespri a e nonpa nan entimidasyon n ap leve vwa nou devan gouvènman yo. Pou n repete yon fòmil ki sòti nan pwogram Vinoba Bhava, pitit espirityèl Gandhi a, ki te repete twa lide prensipal Tolstoï yo nan liv ki rele *Le royaume des cieux est en vous* a, ansanm, avèk gouvènman yo, n ap chèche « netwaye lespri yo ak kè yo », n ap chèche « transfòme lavi yo » nan derasinan

⁴³ women 14 : 16

⁴⁴ Efezyen 4 : 15 ; Matye 5 : 37

⁴⁵ Jenèz 2 ak 3

⁴⁶ Women 13 : 2-4

rayisman ki genyen nan mitan divès klas sosyal yo, epi n ap chèche « chanje sosyete a epi fè revolisyon ladan l. »⁴⁷

Yon wòl enspirasyon – Nou gen konviksyon nou toujou ka bati peyi nou an

Kòm Legliz, nou kwè e n ap aji. Kòm Legliz, n ap nourri yon esperans tou. Nou ret ap tann entèkansyon Bondye. Lè nou rekonèt dimansyon espiyèl povrete a ak enjistis la genyen, n ap travay pandan n ap tann mirak Bondye. Lafwa pèp la, anfenkont, se rezilta yon travay Sentepri fè – li pa sèlman rezilta mesaj moun preche sèlman. Se Sentepri a k ap montre monn lan li nan peche epi se li k ap montre li verite ki nan Levanjil la. Se li k ap reveye pèp la atravè rèv ak vizyon, se li k ap fè yo swaf lajistis ak gerizon epi se li k ap beni pèp la avèk gerizon ak abondans.

Piske nou kwè nan Bondye sa a ki depase tout bagay, ki te kreye tout bagay epi ki te rachte nou, n ap viv ak esperans epi kè nou cho ap tann. N ap tann mirak la fèt. N ap priye epi n ap aji se vre, men n ap fè l avèk konviksyon fèm Bondye pral parèt pou li fè entèkansyon l nan sitiyasyon enposib yo. Nou kwè Bondye gen pouvwa sou tout enstitisyon lèzòm yo e nou menm kwè li gen pouvwa menm sou tout fòs mal yo. Nou konnen Bondye p ap tolere sa ki mal la pou tout tan. Nou konnen gen yon jou pou lòm rann kont, yon jou kote lajistis va manifeste gwo lajounen. N ap priye pou volonte Bondye fèt sou tè a menm jan li fèt nan syèl la epi n ap travay pou sa. Soufrans ak opozisyon nou jwenn jodi a pa etone nou, men n ap tann viktwa final Bondye a ki nan wout. Pandan n ap tann jou delivrans sa a, Lespri Bondye ban nou rezon pou nou pataje esperans ki nan nou an avèk lòt moun yo.⁴⁸

Lè nou li Pawòl la e lè nou konprann vizyon espiyèl li ban nou an, sa fè nou wè lòt fason pwoblèm nasyon nou an ka geri. Lojik monn lan fè nou konnen chanjman ap rive fèt avèk pouvwa, lajan, fòs ak enfliyan. Lojik Levanjil la, okontrè, fè nou konprann « Bondye pa bezwen ni nepe ni frenn pou delivre pèp li a. Batay la rele l pa l. »⁴⁹ Li difisil vre pou viv esperans sa a nan monn sa a san nou pa konfonn li avèk optimis ak siksè. Men se li menm ki pèmèt nou asepte pawòl enspire sa yo : « Men m ap fè yon lòt bagay pou nou. Li kòmanse rive deja. Nou pa wè li ? Mwen pral fè yon wout nan mitan dezè a. Mwen pral fè gwo dlo koule nan savann lan. »⁵⁰

⁴⁷ Léon Tolstoï, *Le Royaume des cieux est en vous* [Wayòm syèl la anndan n], 1893

⁴⁸ 1 Pyè 3 : 15

⁴⁹ 1 Samyèl 17 : 47

⁵⁰ Ezayi 43 : 19



5. REKÒMANDASYON JENERAL NOU BAY PEYI A

Nou lanse yon gwo apèl bay peyi a pou kondisyon yo ka reyini pou vizyon nou an reyalize. **Nou pa gen entansyon ekri yon petisyon (gen plizyè ki egziste deja), ni se pa rasanble n ap rasanble sitwayen yo nan yon nouvo pati politik, ni se pa pouse n ap pouse yo pran desizyon pou siskonstans jodi a pou amelyore sitiyasyon sosyal la.** Sa nou vle se mete Leta ak sosyete sivil la devan responsablite fondamantal yo epi mande yo pou yo jwe wòl yo kòmsadwa pou byennèt tout nasyon an. Legliz la vle enspire, rekòmande, ankouraje epi li vle egziye, sou baz otorite pawòl Bondye ak lalwa.

a. Pou yon Leta k ap jwe wòl konstitisyonèl li ak wòl moral li

Sèl sa n ap mande Leta, se fè sa li te pran angajman pou li fè nan dokiman fondamantal nasyon an (patikilyèman nan Konstitisyon 29 mas 1987 la, yo te amande 9 me 2011 lan). Nou pa mande l ni plis, ni mwens. Aa ! Si Leta te sèlman respekte konstitisyon li te chwazi bay tèt li a ! Se pa de bagay ki t ap chanje ! N ap mande pou Leta a jwe wòl konstitisyonèl ak wòl moral li kòmsadwa, n ap mande pou Leta a mèt tèt li (souvren), pou l endepandan, pou l lib, pou l demokratik epi pou l sosyal.

Wòl li kòm gadyen valè nasyonal yo

Jan valè yo an kriz jounen jodi a, jan valè yo fin ale epi sosyete a pèdi mak idantite li, Leta gen responsablite, pi plis toujou, pou li pwoteje valè nasyonal yo, ansanm ak tout enstans ki se nanm nasyon an. Mo yo manke fòs pou nou denonse nan ki nivo sosyete nou an pèdi valè l yo. Epoutan, se atò y ap pale de yo, swa pou ranfòse modèl sosyal nou an, swa pou jistifye kèk chwa politik.

Wòl li nan garanti souverènte nasyon an

Depi nan premye atik Konstitisyon an, li di « Ayiti se yon repiblik, li pa ka separe, li granmoun tèt li (souvren), li lib, li demokratik, epi li sosyal. »⁵¹ Se Leta ki pou travay pou li fè deklarasyon sa a tounen yon reyalite.

Wòl li nan garanti yon sosyete san fòs kote pou pitit fi ak piti gason nasyon an

La ankò, tout sa n ap egziye yo sòti nan manman lwa nou an. « Leta gen gwo obligasyon pou l garanti dwa pou lavi, pou lasante, pou respè moun, pou tout sitwayen san distenksyon, jan Deklarasyon inivèsèl dwa moun lan di sa. »⁵² « Se Leta ki garanti libète chak grenn moun epi se li ki pwoteje l »⁵³ Li garanti libète lapawòl la nan atik 28 la. Libète konsyans selon atik 30 lan. Libète pou reyini epi pou fè asosiyasyon nan atik 31 an. Dwa pou edikasyon nan atik 32 a. Libète pou travay nan atik 35 lan. Pwoteksyon byen prive nan atik 36 lan. Dwa pou enfòmasyon nan atik 40 lan. Dwa pou sekirite nan atik 41 an. Libète ekonomik nan atik 245 lan. Dwa sa yo sitwayen yo genyen an mache avèk devwa tou e yo parèt nan atik 52 a, paske

⁵¹ Tradiksyon lib konstitisyon nasyonal la.

⁵² Atik 19 Konstitisyon an. Tradiksyon lib konstitisyon nasyonal la.

⁵³ Atik 24 Konstitisyon an. Tradiksyon lib konstitisyon nasyonal la.

lajistis antrene yon ekilib ant dwa ak devwa. Li garanti pwoteksyon moun ki soti nan lòt peyi nan atik 54 la. Pou fini, pwoteksyon lafanmi, kòm « baz fondamantal sosyete a »⁵⁴ nan atik 259 la.

b. Pou sosyete a reveye l nan tout sans

Patriyotis ak sèvis sivik

Lanmou pou peyi a se yon kalite ki vin ra anpil jounen jodi a. Sosyete nou an, ki fin pèdi valè sa a piti a piti, gen tandans konsidere Ayiti tankou yon kote l ap pase, yon kote pou li pwofite san panse a demen. Se sa k fè jodi a, sitwayen nou yo tonbe nan yon mantalite 'chape poul' jeneral ki pa ale nan sans enterè byen komen an. Epoutan, pwofèt Jeremi te di juif ki te ann egzil yo « Travay pou fè peyi kote Seyè a fè yo depòte nou an wè zafè l mache byen. Lapriyè Seyè a pou yo. Paske, si sa bon pou yo la bon pou nou tou. »⁵⁵ Li tan pou nou angaje nou pou nou sèvi kominote nou an, pou nou kenbe katye nou yo pwòp, pou nou pratike sèvis sivik ak tèt ansanm. Se sèl yon atitid renmen lapatri ak angajman sitwayen k ap ba nou kredibilite moral pou nou egziye yon sistèm sante, egziye kouran elektrik kòm sadwa, elatriye. Se sa nou ta dwe fè olye nou chwazi solisyon chak koukouy klere pou je l' e ki p ap dire lontan

Angajman pou nou dyaloge nan yon klima lapè ak respè yonn pou lòt

«Jou sa a, youn pral envite lòt anba pye rezen an ak pye fig frans nou yo. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. » Zakari 3:10. Se yon bèl imaj bibliik sou dyalòg ak amoni nan yon klima lapè ak respè yonn pou lòt. Nou lwen ideyal sosyal ak ideyal kretyen sa a toujou paske, pa yon fwa, nou te deside fè yon efò pou nou aprann pitit nou chita pale pou yo konstwi epi pou yo avanse ansanm, pou yo rezoud konfli yo nan lapè epi pou yo reflechi pou jwenn solisyon kolektif olye chak koukouy klere pou je l. Se sa k fè, nou pa ka sezi si se lidè ki wè tèt yo sèlman ak egoyis nou genyen, nan tout nivo nan sosyete a, yon seri lidè ki pa ka monte pi wo pou defann enterè sosyete a pandan y ap bliye avantaj pèsònèl yo te ka jwi lapoula. Se nan dyalòg n ap rive pale yonn ak lòt, tandè nou yonn lòt epi konprann nou youn lòt. Se nan dyalòg n ap rive anvizaje avni nou vle a, peyi nou vle bati a ak sakrifis nou dispoze fè ansanm pou n rive la. Pou nou repete sa Kofi Annan, ansyen sekretè jeneral ONU, te di a « Se respè yonn pou lòt ki fè ka gen lapè », lapè sa a ki endispansab pou n mete Ayiti n ap mande a kanpe..

Nan benediksyon yo, Jezi di moun y ap rele pitit Bondye yo se moun ki bay lapè yo. Bondye rele nou pou nou konstwi pon ant kominote yo, ant moun yo, ant fanmi yo epi ant kè ki divize yo olye nou monte mi separasyon. Si n ap mache avèk Bondye rekonsilyasyon an, n ap tounen moun k ap travay pou lapè. Moun k ap travay pou lapè yo, lòt moun va wè karaktè Bondye nan yo.


Sitwayen veyatif ak kesyon rann kont

« Yon sèl bagay yo mande yon jeran, se pou l yon moun serye. »⁵⁶ Tout sitwayen responsab kapab louvri je l pou l veye epi li dwe louvri je l menm pou l veye. Se yonn nan aktivite pami yon pakèt lòt ki pèmèt chak sitwayen enplike l nan kominote l, selon zòn kote li gen enfliyans ak nan vwazinaj li. Patisipasyon sitwayen ak sitwayèn yo kòm benevòl itil anpil pou pwoteje anviwonman an, pou fè yon presyon ki pozitif sou responsab yo, pou egziye yo rann kont epi pou amelyore kalite lavi a nan tout sans.

⁵⁴ Tradiksyon lib konstitisyon nasyonal la.

⁵⁵ Jeremi 29 : 7

⁵⁶ 1 Korentyen 4 : 2



6. SEKTÈ NOU KONSIDERE NAN DOKIMAN VIZYON SA A

I. SANTE FIZIK AK SANTE MANTAL

Sa nou konstate : Nou konstate anpil bagay nan sektè sante a ann Ayiti. Toudabò, nou wè feblès òganizasyon pwofesyon medikal la. N ap evolye san yon lòd⁵⁷ medikal, nan yon kontèks kote pwofesyon an pèdi prensip moral ak etik li, sa ki mache ak lavi sosyete a pa bay valè, pandan 20 lane ki sot pase yo. Apre sa, sistèm sante a ap evolye ak yon move gouvènans, ki parèt nan mank lidèchip MSPP a ak estrikti sante yo. Anplis, politik sante piblik Leta ayisyen an pa aplike yon fason entegre e/oswa nan tout entegralite l. Enstans, estrikti ak otorite egzekisyon, regilasyon ak sipèvizyon yo pa efikas oswa yo pa egziste ditou. Ni resousziman ni resous finansye yo mal jere. Koripsyon ap taye banda nan sektè a akòz pa gen sistèm evalyasyon epi pwotokòl estandadizasyon sistèm swen yo pa aplike. Nan sa ki gen rapò ak finansman sistèm sante a, li fasil pou nou wè yo pa finansman lasante ase. Chapit sante a reprezante 4,3%⁵⁸ sèlman nan bidjè nasyonal la, yon mank finansman ki lakoz resousziman yo pa byen touche, manke materyèl, gen pwoblèm nan nivo lojistik entran (premye eleman) yo ki lakoz gen ratman tout tan nan resous pou ofri sèvis sante primè yo popilasyon an bezwen. Anplis, mank finansman sa a pote yon mank endepandans, nou depann twòp de koperasyon ekstèn nan. Se sa ki lakoz Leta vin pa ka reyalize kouvèti inivèsèl pou swen sante yo ale wè pou li t a rive fè benefis nan pratik touris medikal menm jan ak kèk lòt peyi. Nan sa ki konsène jesyon resousziman, nou gen feblès kalite nan nivo pèsònèl k ap bay swen yo ak pèsònèl administratif la. Nou manke resousziman pou asire kouvèti inivèsèl la nan domèn swen sante yo dwe ofri popilasyon an. Yo mal repati resousziman yo epi yo mal touche. Absans yo nan pòs yo lakoz sèvis ki egziste yo mal fonksyone. Pou sa ki konsène aksè, kouvèti teritoryal ak enfrastruktir yo, gen plizyè nan komin nou yo ki pa gen estrikti sanitè. Nan sans sa a, Plan direktè 2012-2022 a poko ateri. Enfrastruktir nou yo pa bon, avèk yon seri estrikti swen ki pa apwopriye e ki pa reponn a nòm minimal sante piblik oswa sekirite pou majorite nan yo, epi yo pa byen ekipe oswa yo pa ekipe ditou. Yo neglije maladi mantal yo, avèk de (2) sant sikyatrik piblik sèlman ki twouve yo nan Pòtoprens ak kèk grenn sant prive. Finalman, fòk nou souliye yo pa eksplwate patenarya piblik /prive yo mete sou pye nan mitan ane 1980 yo ase..

Vizyon nou : Vizyon nou genyen se wè, bò lane 2050, yon sistèm sante fizik ak sante mantal solid, modèn e k ap pote bagay nouvo, ki ka kenbe tèt li (dirab) nan domèn finans, ki inivèsèl, sa vle di ki kapab bay pèp ayisyen an, menm moun ki pa gen gwo mwayen yo, yon eta sante k ap pèmèt yo mennen yon lavi ekonomik e sosyal ki bay rannman.

Rekòmandasyon nou fè Leta : Nou mande Leta ayisyen ak tout nou menm, selon sa ki nan ODD 3 a ak angajman li te pran nan Konstitisyon an ak lwa yo, pou l fè aksyon pi ba yo nan sèt (7) domèn nou sot site pi wo yo :

⁵⁷Lòd : Se yon òganis lalwa oblije yon pwofesyonèl manm li pou l egzèse metye l. Tankou OCPAH pou kontab agreye oswa Od avoka (Bawo).

⁵⁸Pwojè lwa finans rektifikatif, egzèsis 2016-2017 (4,4% pou lasante) ak Lwa finans egzèsis 2017-2018 la (4,3% pou lasante)

a. **Òganizasyon pwofesyon medikal la**

- Fè pwomosyon pou kreyasyon yon lòd pou chak disiplin medikal yo (doktè, famasyen, enfimye, teknolojis medikal, elatriye) epi pou yo toujou egziste ;
- Ankouraje diferan asosyasyon medikal, asosyasyon lopital ak lòt regwoupman sèvis medikal ki egziste yo epi ranfòse yo ;

b. **Gouvènans sistèm nan**

- Egzèse fonksyon regilasyon (mete règ) ak kontwòl li genyen atravè MSPP sou egzèsis metye medikal yo ann Ayiti, sou represyon l ap fè sou chalatan yo pou l kwape blofè yo nan peyi a epi pou l pini yo, ak sou komès pwodui, manje ak medikaman ki mal fèt/ ki fo oswa ki ekspire ;
- Asire yon **jesyon rezonab resouszimen yo, resous materyèl ak resous finansye (lajan) yo** etan l ap egzijè respè pwosedi jesyon yo (jesyon apwovizyonman ak jesyon estòk an patikilye), etan l ap goumen ak efikasite kont absans ak chèk zonbi, etan l ap etabli kontra nan sèten domèn jesyon, etan l ap sanksyone konpòtman moun ki pa respekte prensip yo, etan l ap mete lòd epi asire yon jesyon ak yon sipèvizyon efikas nan sant kote y ap bay swen yo (lopital, sant sante, klinik, elatriye) ;
- Egzèse yon kontwòl sere sou **fòmasyon medikal** inivèsite ak sant pwofesyonèl prive yo bay ;
- Egzèse **lidèchip MSPP** etan l ap fè tout aktè yo pran konsyans yo fè pati yon sistèm e yo dwe respekte egzijans ministè a ;
- Kreye yon selil ki gen plizyè sektè nan MSPP a pou rive enfluyansè gwo desizyon politik piblik nan domèn sante fizik ak sante mantal
- **Konbat koripsyon nan enstitisyon sante yo** etan l ap mete yon sistèm jesyon transparan sou pye ;
- Asire yon **gouvènans estratejik ki responsab nan sektè sante fizik ak sante mantal** la.

c. **Politik sante piblik la**

- Garanti **kouvèti inivèsèl sante** a, sitou pou popilasyon ki pa gen gwo kòb yo ;
- Etabli yon nouvo politik sante ki adapte kote **yo ranfòse prevansyon** epi ki reponn a bezwen moun k ap viv ann Ayiti pou moman an : aksidan machin, vyolans sosyetal (vyolans nan lari, vyòl, **blese ak bal**), **kontwòl kalite pwodui alimantè yo, elatriye** ;
- Fè aksyon k ap pèmèt **Pakè esansyèl sèvis yo (PES)** atèri epi diminye kantite manman ak ti bebe k ap mouri nan akouchman ;
- Konsidere maladi kwonik ak maladi atrapan yo, kansè, kòm pwoblèm sante piblik ;
- Asire yon pi bon òganizasyon lojistik entran (premye eleman) yo pou rezoud pwoblèm ratman tout tan kèk nan resous yo bezwen pou **òf sèvis sante primè** ;
- Fè pwomosyon pou rechèch, fòmasyon ak prizanchaj nan domèn **sante mantal** ann Ayiti.

d. Finansman sistèm nan

- Fè pati nan bidjè repiblik la ki pou sante a monte rive **15% pou piti** ;
- Devlope estrateji finansman sektè sante a etan Leta ap takse byen liks yo (machin ki vann chè, pafen, moun k ap fè polisyon li k ap peye taks pou polisyon), etan l ap fè enstitisyon entènasyonal k ap finanse yo konfòme yo a priyorite nasyonal yo epi ankouraje inisyativ sekirite sosyal tankou koperativ sante yo, mityèl sante yo, asirans yo, elatriye.

e. Jesyon resousziman yo

- Fè pwomosyon **fòmasyon kalite** pou pèsònèl sante yo ;
- Fè fòmasyon pou jèn yo selon prensip entènasyonal yo pou yo ka asire ni swen ijans ni swen sante primè yo ;
- Asire yon pwogram adapte fòmasyon san kanpe pou moun k ap travay nan domèn nan (sou nouvo teknoloji yo, pa egzanp) ;
- Egzèse yon **kontwòl sere sou fòmasyon medikal** inivèsite ak sant pwofesyonèl prive yo ap bay ;
- Mete yon akonpayman psikososyal ki disponib pou tout aktè k ap bay swen sante chak jou ;
- Etabli yon plan evalyasyon ak yon plan pou kenbe pèsònèl sante a epi revize **sistèm pèyman MSPP** a.

f. Aksè, kouvèti terityoryal ak enfrastrikti

- Aktyalize kat sante a epi fè li rasyonèl pou l rann swen sante fizik ak swen sante mantal yo inivèsèl etan l ap konble vid ki egziste nan zòn ki pi mal yo ;
- Mete yon mekanis sou pye pou pwoteksyon sosyal nan lasante ki dirab (asirans, koperativ, elatriye) ;
- Envesti nan **estrikti sanite ki apwopriye** (parasismik, antisiklonik e kote moun andikape ka rive) e ki byen ekipe.

g. Patenarya piblik prive

- Rann patenarya piblik prive yo pi fò pou ogmante aksè a swen sante yo ;
- Sèvi ak pouvwa konvokasyon legliz yo ak ONG yo, chè yo ak rezo medya kominotè yo pou **fè pledwaye**, pwomosyon pou lasante ak itilizasyon sèvis disponib yo ;
- Ankouraje operatè prive yo fè entèvansyon ki mache nan plan estratejik ak politik MSPP yo.

Angajman nou pran : Legliz la angaje l piblikman pou li :

- a. Elaji zòn ki **benefisye kouvèti sanite Legliz la epi amelyore l**, etan l ap mete entèvansyon nan domèn sante fizik ak sante mantal li yo nan menm aliyman ak politik

e plan direktè MSPP a, etan l ap kontribye nan sans sa a nan rasyonalizasyon kat sante a, etan l ap anpeche menm entèvansyon yo fèt plizyè fwa menm kote a ak aksyon ki pa kòdone ak Otorite nasyonal pou lasante a (ASN an franse) ;

- b. Patisipe nan efò k ap fèt pou **elimine maladi nou ka evite** ak vaksinasyon epi nan diminye kantite manman k ap mouri nan legliz nou yo ak nan kominote n ap sèvi yo ;
- c. Fè pwomosyon pou **inisyativ sosyal solidarite yo** (koperativ, kès asistans) pou pèmèt fanmi yo fè fas ak depans ki lye ak swen sante fizik ak sante mantal yo ;
- d. Fè yon **pledwaye pèmanan bò kote gouvènman ayisyen an** pou ka gen yon **kouvèti inivèsèl nan sante fizik ak sante mantal**, patikilyèman pou moun ki gen mwens mwayen yo ;
- e. Sèvi ak pouvwa konvokasyon legliz ak ONG kretyen nou yo, chè yo, estrikti fòmasyon yo (lekòl dominikal/saba, etid bibli, asosyasyon jèn, fi ak gason, lekòl) ak rezo medya kominotè yo pou **fè pledwaye, pwomosyon pou lasante ak itilizasyon sèvis ki disponib yo.**

II. EDIKASYON

Sa nou konstate: Nan manman lwa peyi nou an, Leta pran angajman pou edikasyon ak fòmasyon frè ak sè nou yo. Depi lontan lakay nou, edikasyon ap rankontre yon pakèt difikilte. Nan sa ki gen rapò ak gouvènans, li soufri yon mank regilasyon ak lidèchip piblik prensipalman. Nan sa ki gen rapò ak aksè, Leta gen difikilte pou l akonpli misyon li genyen pou l garanti yon edikasyon kalite pou tout moun⁵⁹. Pou sa ki gen pou wè ak kalite a, sistèm edikatif nou an ap fonksyone nan moman an a plizyè vitès, nan yon sans kote ti moun ki pase nan yon bon lekòl prive nan zòn kapital la ak yon ti fi ki ale nan yon lekòl nasyonal nan yon vil andeyò pa gen menm opòtinite devlopman pèsònèl. Sitiyasyon depaman sa a soti nan plizyè faktè, tankou move gouvènans sektè a, yon seri kesyon estriktirèl tankou mank fòmasyon pou pwofesè ak materyèl pedagogik yo ki pa adapte, kesyon rekritman ki fèt nan moun pa, mank disiplin bò kote pwofesè lekòl piblik yo, absans yo nan travay yo, sitiyasyon sosyoekonomik frajil paran yo ak kesyon bilengwis franse-kreyòl la yo mal abòde jiskaprezan. Edikasyon preskolè a, bò kote pa l soufri yon aksè ki fèb, yon absans materyèl ki adapte, yon mank enfòmasyon ak amonizasyon sou kourikoulòm lan avèk dire li, san konte sektè prive ak sektè piblik la k ap mache depaman.

Vizyon nou : Yon sistèm edikatif ki la pou tout moun, ki pa gen fòs kote e ki modèn, ki reponn a prensip kalite yo e ki garanti tout ayisyèn ak ayisyen ka jwenn yon edikasyon kalite, ki respekte prensip nou yo ak kilti nou anba yon gouvènans responsab dekwa pou chak sitwayen, chak sitwayèn ka itil tèt li, fanmi l, kominote l, peyi l ak monn lan.

Rekòmandasyon nou fè : Daprè angajman Leta ayisyen pran epi daprè ODD 4 la, nou ankouraje l pou l :

- a. Abòde **edikasyon an kòm yon sèvis piblik Leta** ap bay sitwayen l. Se poutèt sa, Leta dwe :
 - Ofiramezi, fè yon bon jan ogmante **òf piblik edikasyon an** yon jan pou l garanti egalite andedan sistèm nan ;

⁵⁹ Atik 32 konstitisyon an

- Defini lis kategori lekòl ki nan sistèm lan epi **sibvansyone edikasyon prive ki pa la pou fè lajan an san patipri (lekòl pwotestan, lekòl kongreganis, lekòl layik ak lòt ankò)** ;
- b. Ranfòse **gouvènans sistèm edikatif ayisyen an** atravè ranfòsman estrikti enspeksyon ki etabli yo etan l ap garanti li soti anba enfliyans ki ka anpeche l byen fonksyone ;
- c. Amelyore **kalite edikasyon an** nan tout nivo, nan sektè piblik la tankou nan sektè ki pa piblik la, etan l ap :
 - Fè **amenajman lengwistik kreyòl-fransè** vini yon reyalite san l pa neglijè plas li dwe bay lang vivan entènasyonal yo ;
 - Ranfòse **fòmasyon pèsonèl anseyan** ak ankadreman yo etan l ap rekrute anseyan ki diplome sou baz konkou ki ouvè pou tout moun nan ansèyman piblik la ;
 - Finalize Plan Edikasyon ak Fòmasyon pou Dizan an epi mete l ann aplikasyon ;
 - Mete nouvo segondè a ann aplikasyon tout bon vre ;
 - Garanti fonksyònman kantin nan lekòl yo jan politik nasyonal pou kantin eskolè a mande l la.
- d. Okipe **ti moun piti yo** etan l ap òganize ansèyman preskolè epi amonize l ;
- e. Nan sa ki gen rapò ak **ansèyman siperyè a** :
 - Ranfòse politik ansèyman siperyè a ak sistèm akreditasyon inivèsite yo ;
 - Revize lwa òganik UEH (Inivèsite Leta Ayiti) e vote lwa òganik Inivèsite Piblik nan Rejyon yo (**UPR**) **ki garanti otonomi yo ak fonksyònman yo dapre prensip kalite entènasyonal yo.**
- f. Nan sa ki gen rapò ak **fòmasyon pwofesyonèl la** :
 - Reyòganize fòmasyon pwofesyonèl la nan nivo òf ak kalite ;
 - Entegre fòmasyon pwofesyonèl la depi nan twazyèm sik fondamantal ak segondè. Egzanp : fèm lekòl yo.
- g. Konsidere analfabetis la tankou yon pwoblèm ki pou rezoud yon fwa pou tout rive nan ane 2030 ;
- h. Mete yon dispozitif endepandan sou pye pou Validasyon Konpetans atravè Eksperyans pwofesyonèl (VAE) ;

Angajman nou pran : Nan sektè edikasyon ak fòmasyon pwofesyonèl la, Legliz la pran angajman piblik pou li :

- a. Patisipe nan efò k ap fèt pou fè alfabetizasyon nan legliz lokal yo, pou tout moun konn li nan ane 2030 ;
- b. Travay pou **amelyorasyon kalite edikasyon lekòl pwotestan yo ofri** nan nivo enfrastrikti eskolè, nan nivo fòmasyon pèsonèl anseyan ak ankadrè yo, nan rekritman

pèsonèl kalifye ak materyèl pedagogik epi fè **pwomosyon pou fòmasyon pwofesyonèl** nan legliz, misyon ak òganizasyon pwotestan yo ;

- c. Sèvi ak estrikti fòmasyon legliz lokal yo pou fè **pwomosyon pou prensip (valè) yo**, tankou edikasyon sitwayen, fanmi, pwoteksyon ti moun ak gran moun ki frajil yo, pwoteksyon anviwònman, jesyon risk ak dezaz, elatriye.

III. FANMI, TI MOUN, LAJENÈS AK ESPÒ

Konsta nou fè : Fanmi yo menase anndan tankou deyò pandan prensip (valè) ki kenbe l yo ap disparèt chak jou pi plis. Otorite paran yo fin ale, yo pa ka jwe wòl yo ankò epi vyolans ap taye banda nan fwaye yo. Li frape medam yo sitou, ti moun yo ak moun andikape yo. Kòm pa gen politik nasyonal sou lafanmi, prensip ti moun yo resevwa yo souvan se valè negatif k ap pwopaje nan divès kanal nan sosyete a. Leta pa mennen okenn aksyon kolaborasyon epi ki fè sans nan zafè ogmantasyon popilasyon an (kwasans demografik). Lè faktè sa yo konbine ansanm, yo fè moun yo kite zòn yo (pou yo ale nan vil yo, nan peyi etranje), yo fè moun ap kouri deyò lajan fasil san respekte okenn prensip moral, yo lakoz delenkans nan mitan jèn yo, e sitou pou ti moun yo, jèn yo ak moun ki gen bezwen espesyal yo.

Yo pa fè pwomosyon pou espò nan lekòl oswa nan sosyete a. Kòm moun yo pa gen aksè fasil ak espò, li prèske pa resevwa finansman nan men gouvènman an ak sosyete sivil la, epoutan talan yo la epi popilasyon an montre l gen gwo enterè nan domèn sa a.

Vizyon nou : Nou vle wè, nan zòn 2050, yon peyi kote fanmi de baz yo (paran ak pitit yo) etab, yo pran responsablite yo epi yo jwe wòl yo kòm sadwa pou devlopman ti moun yo ak jèn yo, pou yo gen kè kontan epi pou yo entegre nan sosyete a. Nou vle pou espò a tounen yon zouti efikas pou mennen nou nan lapè, antant sosyal ak devlopman pou fanmi yo, pou ti moun yo sitou, pou jèn yo ak moun ki gen bezwen espesyal yo.

Rekòmandasyon nou fè : Nou mande Leta ayisyen ak tout fòs nou pou li :

a. **Pwoteje fanmi yo epi ranfòse yo**, kòm baz tout sosyete :

- Rekonèt **konpetans paran** yo epi ranfòse yo etan l ap soutni yo nan responsablite yo ak nan sa ki enterese yo, tankou fòmasyon pou yo resevwa sou edikasyon pozitif san yo pa itilize vyolans pa egzanp ;
- **Aplike lalwa san paspouki** kont tout abi, zak neglijan ak eksplwatasyon sou ti moun ;
- Pran mezi sevè pou derasinen afè ti moun domestik la (restavèk) ak fenomèn ti moun lari yo, pa egzanp, etan l ap prevwa mete sant akèy ak reyedikasyon pou ti moun lari yo ;
- Mete yon **ministè lafanmi** sou pye etan l ap prevwa mwayen ki nesèsè pou l fonksyone epi kon sa pou l asire koyerans ak suivi nan tout oryantasyon ak desizyon ki ka gen enpak sou fanmi yo ;
- Fè amenajman legal ak amenajman politik ki nesèsè yo pou prevwa yon politik kontwòl nesans (pou jere kwasans demografik la) epi pou l aplike l ;

- Mete kontwòl sou tout sa k ap di oswa pase nan medya yo nan sousi pou pwoteje moralite ak bon lizaj.
- b. Gras a yon **politik espòtif ki dinamik**, fè pwomosyon pou espò onivo nasyonal, li ka ede pote lapè, koyezyon sosyal ak devlopman :
- Elaji baz moun k ap fè espò etan l ap favorize espò mas yo pandan l ap fè **tout moun gen aksè ak sa**, jèn yo, granmoun yo ak moun andikape yo ;
 - Kreye kondisyon ki ankouraje devlopman espò etan l ap ekri lwa sou espò, nan ogmante konstriksyon pou espò yo nan peyi a, an patikilye gwo estrikti nan kèk zòn kle nan peyi a, etan l ap ankouraje kreyasyon ak fonksyònman federasyon espòtif yo ;
 - Ankouraje vann pwofesyonèl espòtif wo nivo yo nan peyi etranje ;
 - Ankouraje **edikasyon fizik ak espòtif** nan lekòl yo pou devlopman fakilte mouvman yo, pou pwomosyon lasante ak sekirite ak fòmasyon sou prensip moral ak prensip sosyal yo.
- c. Mete yon vrè **politik pwoteksyon ti moun ak devlopman lajènès** sou pye :
- Fè pwomosyon pou edikasyon inivèsèl gratis la tounen yon reyalite ;
 - **Akonpaye ti moun yo ak jèn yo** nan pakou etid yo, fòmasyon yo, entegrasyon sosyal yo, pou yo twouve travay epi pou yo pran responsablite yo nan kominote a ;
 - Veye pou yo fè **pwomosyon pou modèl pozitif yo** etan l ap konbat egzanp negatif nan manifestasyon popilè yo, nan radyo ak televizyon epi nan sosyete a an jeneral.

Angajman nou pran : Legliz la pran angajman piblik pou, anndan legliz yo ak nan kominote yo si sa posib, li :

- a. Devlope yon **ministè lafanmi** nan legliz nou yo oswa ranfòse l pou l kapab :
- Ede fanmi yo jwe wòl espirityèl ak wòl sosyal yo kòmsadwa atravè predikasyon, konsèy anvan maryaj ak sou fanmi, atravè lòt fòmasyon pratik ak aktivite espòtif ak aktivite rekreyatif ;
 - Fè pwomosyon pou pwoteksyon ak devlopman ti moun yo nan bon kondisyon sitou atravè fòmasyon, evanjelizasyon ak aktivite espòtif ak aktivite rekreyatif ;
 - Devlope krentif pou Bondye lakay jèn yo, sans patriyotis, espri antreprenè ak konfyans nan Bondye, nan peyi a ak nan lavni atravè fòmasyon espirityèl ak sosyal, edikasyon sitwayen ak aktivite espòtif e aktivite rekreyatif.
- b. Devlope yon seri **pwogram fòmasyon** sou ministè lafanmi, ministè ti moun ak ministè lajènès nan semèn teyoloji yo ;
- c. Fè legliz yo tounen **yon platfòm pledwaye** pou ti moun yo, fanmi yo ak jèn yo devan Leta ak sosyete sivil la

IV. GOUVÈNANS (JESYON PEYI A)

Konsta nou fè : Konsta nou fè yo montre pa gen yon kilti responsablite ak rann kont nan jesyon leta a. Sitiyasyon sa a gen divès koz, tankou konfyans nou youn pa fè lòt pou nou gen relasyon ki nòmal, san twou nan manch, zafè moun pa a, mank eksperyans ak konpetans ajan piblik yo. Sitiyasyon move gouvènans (oswa absans gouvènans) peyi nou an parèt nan yon seri siy k ap tounen san rete tankou koripsyon, enpinite (yo tolere koupab yo), fayit Leta a ak dezespwa pèp la.

Se mank gouvènans sa a ki esplike pou ki sa desantralizasyon an pa janm fèt, pou kolektivite teritoryal yo rive gran moun tèt yo pou yo jwenn devlopman. Se poutèt sa Laprezidans, Palman an ak prèske tout enstitisyon nou yo depafini epi yo pa sa yo te ye (oswa sa yo ta dwe ye) a ankò. Se sa k fè, depi peyi a fin pran endepandans li, nou gen diktati plizyè ti klan moun epi sa pote koripsyon, enpinite, inegalite sosyal ak eskizyon plizyè kategori moun nèt nan sosyete a. Se poutèt sa nou wè sistèm demokratik ak elektoral nou an p ap mache, gen enkonpetan ak amatè toupatou, peyi nou an tounen yon repiblik ONG epi n ap viv yon gwo kriz lidèchip, vizyon ak prensip (valè)..

Kidonk, gouvènans la, sa vle di tout dispozisyon ki la pou asire bon fonksyònman Leta a, kontwòl li, avèk koperasyon epi kowòdinasyon aksyon diferan aktè nasyonal yo pa ko janm tounen yon reyalye lakay nou.

Vizyon nou : Rive an 2050, yon nouvo Ayiti, ki ini, ki gran moun tèt li, k ap pwospere, epi ki gen jistis sosyal pou byennèt tout moun. Nan nasyon sa a ki gen endepandans sou pwèn ekonomik e ki estab sou plan politik, nou wè yon kilti lapè ak solidarite ki ka pote byennèt, ki ka bay richès epi ki ka ankouraje sitwayen yo patisipe. Ladan l tou, nou wè yon seri responsab piblik tankou prive k ap montre jan yo renmen Ayiti ak pèp li a etan y ap pratike entegrite, lwayote, jistis sosyal, transparans, yo pa nan patipri epi y ap rann kont yon fason k ap ankouraje patisipasyon ak enklizyon.

Rekòmandasyon nou fè : N ap mande Leta ayisyen, ak tout fòs nou, atravè reprezantan piblik li yo, dapre valè kretyen nou prezante nan vizyon pi wo a e dapre angajman gouvènman ayisyen an te pran yo, patikilyèman nan kad Objektif devlopman dirab yo, ODD 16 ak 17 yo sitou ki konsène lajistis, lapè ak patenarya pou reyalizasyon objektif yo, pou li suiv rekòmandasyon nou fè pi ba yo :

- a. Kòmanse yon seri refòm fondamantal ak refòm konstitisyonèl pou l **ankouraje bon gouvènans epi fè pwomosyon pou li :**
 - Nan yon tan ki pa lwen, fè yon analiz an detay sou sistèm politik nou an ak de tèt la : Prezidan an (Chèf Leta a) ak Premye Minis (Chèf Gouvènman an). Èske nou dwe kenbe l ak kèk koreksyon oswa nou dwe tounen nan fòmil Prezidan an (ki chèf Leta e chèf Gouvènman an anmenmtan), men ak tout pinga, epi ajoute yon visprezidan jan kèk moun sijere sa ?
 - Nan yon tan ki pa lwen, fè yon analiz an detay sou sistèm palmanète nou an ak de (2) chanm lan. Gen gwo konsta ki fèt pandan 30 dènye lane sa yo ki mande pou evalye si sa bon pou nou gen de (2) chanm toujou, ki koreksyon ki ta ka fèt oswa si pou nou tounen nan fòmil yon sèl chanm lan ki fèt ak reprezantan chak komin
 - Kreye **tribinal konstitisyonèl la** k ap la pou l veje sou konstitisyonalitye lwa yo epi pou l deside sou yo anvan yo soti, sou konstitisyonalitye règleman enteryè Palman

an anvan yo aplike yo, arete yo, eksepsyon pou yon lwa ki pa antre nan konstitisyon an, sou konfli ant pouvwa egzekitif la ak pouvwa lejislatif la oswa sou konfli ant de branch Palman yo (okazou nou toujou gen yon Palman ak 2 chanm) ak konfli sou ki dosye chak enstitisyon ka jije ant tribinal administratif, elektoral ak tribinal jidisyè yo ;

- Defini yon **liy diplomatik ki klè** k ap la pou sèvi devlopman peyi a etan l ap pran gwo enterè jeyopolitik yo an konsiderasyon (tankou kesyon ki lye ak peyi Dominikani, ak CARICOM, ak Tayiwann, ak politik migratwa, elatriye) ;
 - Angaje yon **vrè refòm nan administrasyon piblik la** kòm youn nan aspè ki genyen nan bon gouvènans lan. Konsa tou, dirijan yo dwe, pa egzanp, asire yo sitwayen yo pase nan konkou pou yo antre nan fonksyon piblik la dekwa pou yo ranfòse konpetans, merit epi redui fenomèn moun pa a. Ranfòse **kolaborasyon** ki genyen ant diferan estrikti ki nan Leta yo etan l ap asire entèkoneksyon yo gras a nouvel teknoloji enfòmasyon yo (NTIC) ;
 - Reyòganize pwosesis montaj bidjè a epi rann li pi adapte e pi transparan, etan l ap fikse priyorite Leta yo byen klè pou l pèmèt twa pouvwa yo antann yo sou kantite resous konsekan e efikas chak domèn nan lavi nasyonal la ap jwenn ;
 - Fè ‘rèv’ **desantralizasyon Leta a** tounen yon reyalite epi mete yon jesyon ki desantralize vrèman sou pye etan l ap ranfòse kapasite kolektivite teritoryal yo.
- b. **Ranfòse enstitisyon nasyonal ki la pou bay jistis yo ak sa ki la pou rann kont yo** (CSPJ, MJSP, CSCCA, ULCC, UCREF, elatriye) epi rann yo mwen konplike pou yo rive jwe wòl yo kòmsadwa :
- **Bay CSPJ a mwayen ak resous finansye** pou l ranpli misyon l epi pou l garanti lajistis dirije tèt li ;
 - Mete yon sistèm evalyasyon kanpe nan enstitisyon jistis yo pou **kad yo jwenn pwomosyon yo merite** e dapre yon seri valè moral klè. Konsa, se pa egzekitif la k ap nome jij yo men se selon eksperyans, konpetans ak entegrite yo yo t ap chwazi yo pito. Sa t ap pèmèt yo rete endepandan epi sa t ap pèmèt yo ‘bay jistis’ san paspouki.
- c. Antreprann epi sipòte sosyete sivil la nan elaborasyon yon **pwogram edikasyon sitwayen fonksyonèl**, ki sèvi ak lekòl, ògan laprès yo ak lòt enstitisyon kòm motè chanjman pou rive konstwi yon konsyans nasyonal :
- Kontribye nan fòmasyon pati politik ki byen òganize, ki gen yon baz sosyal ak yon vizyon sou lavni k ap ka asire reprezantasyon politik ak negosyasyon politik. Limite kantite pati politik yo epi ranfòse yo pou yo ka voye reprezantan ki ka plede enterè moun ki te vote pou yo ;
 - **Adapte règ elektoral** yo pou pèmèt pati politik ki fò parèt tèt yo epi pou yo reprezante nòmalman nan Palman an, pou l etabli kondisyon rezonab pou kandida nasyonal yo epi pou l nòmalize kantite eleksyon k ap fèt yo ak chak kilè y ap fèt.
- d. Kòmanse yon **pwosesis dyalòg** k ap gen pou debouche sou yon pwojè devlopman nasyonal epi fè pwomosyon pou konstriksyon sosyal ;

- e. Ranfòse **batay kont kòripsyon an** ;
- f. Pèmèt yon vrè **entegrasyon dyaspora a nan devlopman peyi a**, sitou nan :
 - Pèmèt Ayisyen ki nan peyi etranje yo egzèsè dwa yo genyen pou yo vote ;
 - Ankouraje epi fasilite entegrasyon yo nan administrasyon piblik la ;
 - Pwoteje byen yo fè ann Ayiti, sitou moun ki pa sispann reve tounen nan peyi kote yo soti a.

Angajman nou pran : Legliz la pran angajman piblik pou li :

- a. Devlope yon kilti **bon gouvènans** nan legliz yo pou nou montre egzanp lòt moun dwe suiv, lè responsab nou yo rive posede entegrite, lwayote, jistis sosyal, transparans, san fòs kote epi yo rann kont yon fason k ap ankouraje patisipasyon ak entegrasyon lòt moun ;
- b. Jwe wòl pwofetik li genyen an etan l ap kenbe **pledwaye l ap fè devan Leta** a pou l pran responsablite l epi pou l angaje l pou gen bon gouvènans yon jan pou l bay sitwayen yo sèvis fondamantal yo ;
- c. Antre nan fòmasyon, sansibilizasyon, edikasyon ak mobilizasyon pou rive gen yon chanjman kilti ki pozitif, ki al nan sans bon gouvènans ak rann kont.

V. LALWA AK LAJISTIS

Konsta nou fè : Sistèm jidisyè nou an gen feblès epi nou ka mete difikilte l genyen yo nan twa kategori :

- Toudabò, li pa efikas. Efikasite li pa genyen an se akòz kòd lwa yo ki twò ansyen, aktè yo ki pa konpetan ase, sistèm nan pa pre popilasyon an, mank endepandans, lantè epi abi, paspouki, twòp kòripsyon, mank lekòl ki anseye dwa epi feblès sèvis eta sivil yo nan komin nou yo ;
- Apre sa, sistèm nan manke resous. Bidjè pouvwa jidisyè a nan lwa finans nou yo pa sifi (anviwon 3,4% ⁶⁰ bidjè ane a), sa ki fè mank resous yo gen plizyè konsekans : kondisyon travay yo pa apwopriye, enfrastrikti yo depase (tribinal, prizon, elatriye), prizon yo twò boure, yon jistis bouyi vide, yon jistis ki pa enfòmatis ak yon sistèm kadas⁶¹ ki an pàn;
- Pou nou fini, sistèm nan manke enfòmasyon. Sitiyasyon sa a anjandre yon mank kolaborasyon ant lajistis ak lapolis, mank kontribisyon popilasyon an, mank konfyans nan lajistis ak mank materyèl pou travay.

Anmenmtan, fòk nou rekonèt pwen pozitif ki ka kontribye nan ranfòsman sistèm nan tou, si yo byen eksplwate yo. Menm si prensip yo an pàn nan sosyete nou an, kanmèm gen moun debyen, moun onèt e moun serye ki rete toujou. Gen anpil pwojè k ap reyalize e ki merite ankourajman. Pa egzanp, pwojè pou estriktire/amelyore bawo yo, egzistans Lekòl Majistrati

⁶⁰ Selon sa ki nan lwa finans 2017-2018 la (bidjè MJSP ak CSPJ a, mwens kòb yo mete pou PNH ak ONI)

⁶¹ Aktyèlman sistèm kadas la depann de MTPTC

a (pou jij), egzistans Biwo asistans legal la, inisyativ yo pran dènyeman la a pou yo pase men nan Kòd penal la, prezans yon pakèt òganizasyon dwa moun, wòl pozitif òganizasyon presyon ki byen monte yo jwe, medya yo, rezo sosyal yo, e menm kanpay sa a « Ayiti n ap bati a » n ap fè a.

Vizyon nou : Nan 30 ane k ap vini yo, yon peyi kote jistis blayi, k ap jwi yon sistèm jidisyè efikas, ki pwòp, ki bon pou sosyete a e ki pa sibi enfliyans lòt pouvwa yo. Sistèm jidisyè sa a pral bati sou prensip respè, jistis, onètete, egalite ak renmen.

Yon sistèm kon sa a pral evolye nan yon vrè separasyon pouvwa yo, li pral byen pran swen tout aktè ki nan sistèm nan (salè, lojman, lòt avantaj) epi l ap pèmèt gen yon vrè travay ekip ant lapolis, lajistis ak popilasyon an.

Rekòmandasyon nou fè : N ap ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou pou li fè aksyon pi ba yo dekwa pou l ranfòse kapasite jidisyè nasyonal la, jan ODD 16 la eksplike l la.

a. Fè jistis la vin endepandan :

- Fè pase men nan **bidjè ki disponib pou jistis la** jan prensip entènasyonal yo rekòmande sa epi fè an sòt li gen endepandans finansyè l pou l bay aktè ki nan sistèm nan mwayen apwopriye k ap fasilite fonksyonman yo epi pou l peye yo kòrèkteman ;
- Pou l ka konbat enpinite, asire **sistèm jidisyè a gran moun tèt li** san lòt pouvwa pa enfliyanse l ;
- Elabore yon plan relokalizasyon, redistribisyon ak restorasyon pou prizon yo dapre bezwen nou ap genyen yo epi aplike l ;
- Mennen yon konba san rete kont **detansyon prevantif pwolonje**, veye pou dwa prizonye yo respekte epi bay ti moun ki an kontravansyon ak lalwa yo yon atansyon espesyal ;
- Asire l tout jij ki nan pakè yo gen yon manda ;
- Fè yon jan pou **CSPJ nome tout jij yo** lè yo fin pase konkou (meritokrasi) ak « vetting » (kontwòl sou tout ti detay) ;
- Fè **fòmasyon san rete** pou tout aktè ki nan sistèm nan ;
- Regularize/Restriktire **lekòl ki anseye dwa yo** ;
- Veye pou enstitisyon Leta k ap bay jistis yo ekipe e pou yo kontwole yo dekwa pou yo ka fè odit sou zak ki kontrè a lajistis yo ;
- Pran mezi ki nesesè pou fè lajistis fonksyone an kreyòl ;
- Repanse sistèm eta sivil la ;
- Devlope yon **sistèm sèvis relijye (omonye)** nan prizon ki nan tout peyi a.

b. Fè **refòm ki nesesè nan tèks legal yo**

- Adapte lwa ki gen rapò ak **tè yo** ;
- Voye je gade/dinamize **sistèm kadas la** ;

Angajman nou pran : Legliz la, kòm ekspresyon jistis Bondye sou latè, nan konpòtman moral li, pran angajman piblikman pou li fè aksyon sa yo ki ka ranfòse santiman jistis nan sosyete a epi ranfòse sistèm jidisyè a. Pou sa fèt, nou vle :

- a. Entegre tèm jistis la nan prèch nou ak fòmasyon nan legliz nou yo epi pou nou **fòme manm nou yo** sou dwa yo ak devwa yo devan lalwa ;
- b. Konbat **vyolans domestik, vyolans konjigal ak vyolans sou ti moun ;**
- c. Founi yon asistans onivo eta sivil etan l ap veye pou tout ti moun yo gen batistè yo epi pou yo gen lòt pyès idantite yo, kou yo majè ;
- d. Ranfòse epi ankadre **ministè vizit ak asistans pou prizonye** legliz yo ap mennen an.

VI. SEKIRITE PIBLIK AK DEFANS NASYONAL

Konsta nou fè : Nan ane 2050, Ayiti vin tounen yon etatedwa ki gen kontwòl tout teritwa l, ki garanti sekirite lavi moun ak byen yo nan tout peyi a e ki kreye yon anviwònman ki favorize touris, envestisman lokal ak envestisman etranje etan l ap asire bon jan kontwòl fontyè sou tè, sou lanmè ak fontyè anlè peyi a genyen. Sitwayen ayisyen an, soti nan pi piti a rive nan pi gran an, ka soti al regle afè l tout tan, tèt poze e san pwoblèm. Sèvis ladwàn yo ki ta dwe responsab kontwole tout sa k ap rantre sou teritwa nasyonal la fayi nan misyon yo.

Vizyon nou : Nan ane 2050, Ayiti vin tounen yon etatedwa ki gen kontwòl tout teritwa l, ki garanti sekirite lavi moun ak byen yo nan tout peyi a e ki kreye yon anviwònman ki favorize touris, envestisman lokal ak envestisman etranje etan l ap asire bon jan kontwòl fontyè sou tè, sou lanmè ak fontyè anlè peyi a genyen. Sitwayen ayisyen an, soti nan pi piti rive nan pi gran an, ka soti al nan okipasyon l tout tan, tèt poze e san pwoblèm.

Rekòmandasyon nou fè Leta a : Men sa nou ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou pou l fè, jan ODD 11 ak 16 la sijere sa, pou l fè pwomosyon pou sekirite epi pou l pèmèt teritwa a byen jere :

- a. Nan domèn **gouvènans sekirite a :**
 - Pase men nan **lwa kad PNH** la epi fè aplike l, menm jan ak lwa sou òganizasyon sekirite piblik, nan depatman yo, komin yo ak seksyon kominal yo ;
 - Pase men nan lwa ki fèt sou fonksyonman prizon ann Ayiti yo epi fè aplike l ;
 - Pase men nan **lwa ki fèt pou moun ki posede zam, k ap pote zam, k ap fè zam, k ap enpòte zam e k ap vann zam** yo epi fè aplike yo ;
 - Pase men nan lwa kad **FAD'H la** ak lwa sou kontwòl fontyè sou tè, nan lanmè ak fontyè anlè peyi a genyen epi aplike yo.
- b. Nan sa ki gen rapò ak fonksyonman **PNH la :**
 - Ranfòse prezans reyèl lapolis ak lajistis onivo komin yo ak seksyon kominal yo epi rann yo efikas ;
 - **Ranfòse PNH la** nan founi l resouszòmèn, resous materyèl, resous lojistik ak resous finansyè l ap bezwen pou akonpli misyon l ki se pwoteje lavi ak byen epi sèvi enstitisyon ak sitwayen yo ;

- Ranfòse Akademi polis la pou pèmèt li rekrute jèn epi pou li fòme **ajan polis ki konpetan** ;
 - Òganize yon sistèm fòmasyon san rete pou tout inite ki nan polis nasyonal la ;
 - Revize rejim **konpansasyon sosyal ajan PNH yo** epi amelyore l ;
 - Krete yon kanal komunikasyon ki ouvè e k ap pèmèt polisye yo prezante revandikasyon yo devan otorite siperyè yo ;
 - Ranfòse enspeksyon jeneral PNH la nan misyon li genyen pou l fè respekte etik ak kòd deyontolojik enstitisyon an ;
 - Mete yon **sistèm ransèyman jeneral e kriminel** ki fyab sou pye, pou DCPJ (kad legal) ap opere anba otorite CSPN nan ;
- c. Nan sa ki gen rapò ak **fonksyònman FAD'H la** :
- **Ranfòse FAD'H la** nan founi l resouzimèn, resous materyèl, resous lojistik ak resous finansye l ap bezwen pou l akonpli misyon l ki se pwoteje fontye sou tè, nan lanmè ak fontye anlè peyi a genyen ;
 - Evite sèvi ak manm FAD'H la pou fè sekirite piblik ki se travay pa PNH la oswa pou sèvi yon moun oswa yon klan ;
 - Remete yon **akademi militè** sou pye pou fòmasyon ofisyè nan FAD'H la ka fèt epi pou asire bon jan fòmasyon pou sòlda yo ;
- d. Nan zafè **anviwònman sekirite a** :
- Etabli kondisyon sekirite sou tout teritwa nasyonal la etan l ap :
 - Ranfòse CNDDR a epi pandan l ap founi l resouzimèn, resous materyèl, resous lojistik ak resous finansye li bezwen pou l akonpli misyon l ki se **dezame gwoup ki gen zam nan men yo, demantle yo epi reyentegre yo nan lasosyete** ;
 - Sèvi ak tout mwayen legal posib pou pousuiv gwoup moun ak sitwayen ki refize mete **zam ilegal** yo atè epi dezame yo ;
- e. Ranfòse sèvis ladwàn yo :
- Evalye lejislasyon sou ladwàn. Pase men ladan l si sa nesese pou kontwole zam ak minisyon, sibstans lalwa entèdi, ak tout lòt matye ki danjere.
 - Mete pòs ladwàn nan pwen kote sa nesese sou fwontye Ayiti/ Dominikani, oswa nan pò ak ayewopò ki louvri pou rantre ak soti nan peyi a ;
 - Rekrute pèsonèl ki onèt e ki konpetan, nan konkou (meritokrasi) sèlman. Ba yo fòmasyon pou yo kòmanse e kontinye ba yo fòmasyon san rete pou yo ranpli fonksyon yo korèkteman.
 - Fè « veting » (kontwòl sou tout ti detay) pèsonèl AGD (Administrasyon jeneral ladwàn) a e pousuiv anplwaye ki kowonpi yo legalman ;

- Mete yon bidjè ki adapte pou ekipe sèvis ladwàn yo (pèsonèl, enfrastrikti, ekipman, laboratwa, ...) e asire l yon fonksyonman ki pèfòman ;
- Devlope bon kolaborasyon ant ladwàn, lame, lapolis ak tout lòt sèvis sekirite nasyonal la konsène ;
- Kontwòl se sèl pwèn antre (pòs sou fwontyè, pò, ayewopò) otorize yo ki sèvi ;
- Goumen efikasan kont kontrebann.

f. Pou sa ki gen rapò ak relasyon ant **lapolis ak lajistis** :

- Batay kont koripsyon sou tout fòm li pran nan PNH la ak nan aparèy jistis la ;
- **Ranfòse sistèm prizon** an nan founi l resouszòmèn, resous materyèl, resous lojistik ak resous finansyèl l ap bezwen pou l ranpli misyon l ki se egzekite sanksyon penal sistèm jidisyèl a ;
- Amonize travay PNH la ak travay aparèy jistis la pou evite desizyon depaman ki pa bon pou sekirite a ;
- Pèmèt **sistèm jistis la gran moun tèt li toutbonvire** pou l rive mete yon bout nan manipilasyon ak politizasyon jistis la .

Angajman nou pran : Legliz angaje l piblikman pou l mennen aksyon sa yo :

- Itilize tout ògan fòmasyon legliz la genyen – predikasyon, lekòl di dimanch/saba, etid bibli, gwoup jèn, gwoup dòm, gwoup dam, lekòl, elatriye – pou **fè sansibilizasyon sou sekirite, pou fè prevansyon kont vyolans epi pou respè lavi moun** ;
- Ini nou pou nou **fè yon pledwaye** kont enjistis, vyolans, koripsyon ak vyolasyon dwa moun ;
- Fasilite yon dyalòg, nan kominote kote legliz nou yo ap fonksyone pou yo rive ranfòse lyen sosyal yo epi pou yo fè prevansyon kont vyolans nan kominote yo ;
- Garanti **sipò espirityèl ak sipò sikososyal** nan legliz yo pou polisye yo ak manm FAD'H yo.

VII.EKONOMI AK ENDISTRI

Konsta nou fè : Jounen jodi a, ekonomi ayisyen nan jeneralman tounen yon ekonomi k ap achte revann, ki liberalize nèt akòz se pou lòt peyi sitou l ap fonksyone. N ap pratike sa ki rele « ONG-izasyon » kòm modèl devlopman, yon modèl kote pa gen kominikasyon ant bayè k ap travay sou devlopman sektè prive a. Leta a ap vin pi pòv nan pwodui kouran byen chè san l p ap antre benefis. Nou gen yon to chomaj ak yon to souzanplwa ki wo anpil. Resous natirèl nou yo pa eksplwate ase. Pwodiksyon agrikòl ak pwodiksyon endistriyèl nou fèb, sa ki lakoz yon to kwasans ki fèb anpil. Mache a ap sibi yon enfasyon k ap vale teren epi li difisil anpil pou aktè ekonomik yo jwenn kredi, nan kad yon move gouvènans ki jeneralize. Tout bagay sa yo esplike pou ki sa nou manke konpetitif parapò ak antrepriz ki nan rejyon an. Onivo envestisman prive menm, gen yon gwo mefians ant sitwayen yo ki lakoz yo pè fè biznis ann

asosye. Mete sou tout bagay sa yo, nou dwe rekonèt gwo kontribisyon dyaspora a pote nan ekonomi nasyonal la men yo pa eksplwate l ase.

Vizyon nou : Rive an 2050, Ayiti gen yon ekonomi ki chita sou pwodiksyon nasyonal, k ap bay tout moun travay, k ap bay majorite popilasyon an kredi ak to k ap ankouraje l fè biznis etan l ap kreye kondisyon pou gen devlopman dirab.

Rekòmandasyon nou fè Leta a : Nou rekòmande Leta ayisyen, dapre sa ki nan ODD 1, 7, 8, 9, 10 ak 12 yo, pou l fè sa ki pi ba yo pou ekonomi an ka rekanpe pandan lontan :

a. Nan domèn **politik ekonomik ak domèn finansyè :**

- Fè **pwodiksyon nasyonal la avanse** gras a eksplwatasyon resous natirèl ak pwodiksyon izin yo nan yon fason ki responsab e dirab etan l ap bay devlopman agrikilti, pwodiksyon endistriyèl, pwodiksyon agwoendistriyèl, touris ak pwodiksyon izin yo, eksplwatasyon min ak karyè yo jarèt, etan l ap favorize aksè a kredi, fè pwomosyon pou envestisman nan peyi a pandan l ap atire envestisman k ap soti aletranje. **Pwoteje pwodiksyon nasyonal la.**
- Opere yon **refòm nan sektè enèji** a pandan l ap bay enèji altènativ yo priyorite ;
- Reyòganize **politik monetè a ;**
- Mennen yon **politik kredi** ki fè sans pou favorize pwodiksyon nasyonal la ak travay pou tout moun ;
- Eksplwate **min** nou yo.

b. Nan domèn **fòmasyon :**

- Antre yon **modil antreprenarya ak kreyativite** nan pwogram Ministè Edikasyon Nasyonal genyen pou klas fondamantal ak klas segondè yo ;
- Bay fòmasyon pwofesyonèl pou ka gen kreyasyon richès pou rive kontrekare mantalite salarye a ;

c. Nan domèn **gouvènans ekonomik :**

- Ranfòse **lwa sou koripsyon yo ;**
- Ranfòse enstitisyon lit kont koripsyon yo : ULCC, UCREF, CONALD, elatriye ;
- Ekri yon lwa pou pwoteje endistri k ap kreye yo ;

Angajman n ap pran : Legliz la pran angajman piblik pou li :

- a. Fè yon **pledwaye** san rete pou rekòmandasyon li fè Leta ak sosyete sivil la nan domèn nan ;
- b. Fè pwomosyon pou yon **mantalite bon gouvènans ak rann kont** ansanm ak **yon apwòch ki chita sou antreprenarya** (biznis) nan plas èd ki soti nan pwogram legliz nou yo ak diferan ògàn fòmasyon yo ;
- c. Bay egzanp lan etan n ap mete lòd nan finans legliz nou yo pou nou **bay rapò sou jan nou jere lajan kongregasyon nou yo ;**

- d. Fè pwomosyon pou **inisyativ sosyal solidarite yo** (koperativ, kès asistans) pou ranfòse endepandans fanmi yo nan zafè lajan.

VIII. AGRIKILTİ AK POLITİK JESYON TÈ YO

Konsta nou fè : Ann Ayiti, agrikilti a fèt sou ti moso tè e nan ensekirite fonsyè. Piske resous ki nan bidjè a (6%) pou finansè l yo pa anpil, sa rann pousantaj konsomasyon nasyonal la ki soti nan pwodiksyon lokal la pa anpil (48%). Sitiyasyon sa a pa etone pèsonn paske se rezilta move jesyon resous nou genyen yo (dlo an kantite, klima rejyonal ak divès kalite tè, majorite tè yo se mòn, elatriye) ak yon move okipasyon espas tè yo. Bò kote pa yo, eksplwatan yo sibi yon mank ankadreman ak difikilte pou yo jwenn founiti agrikòl (entran) ak sèvis teknik, sèvis teknolojik ak sèvis finansye. Se sa ki lakoz yon ensekirite jeneral pou monn agrikòl la ak yon devalorizasyon metye travay tè a nan mantalite ayisyen an (yo panse se esklavaj) ak tout konsekans sa genyen yo (jèn yo k ap deplase, depasman popilasyon an pou l al nan vil yo oswa aletranje, konvèsyon nan lòt domèn tankou trafik moto, elatriye) Akote sistèm agrikòl la ak teknik li yo k ap pase mòd nan nivo sa a, fòk nou remake gen yon gwo feblès nan enfrastrikti andeyò yo (wout, irigasyon, elatriye) ak enfrastrikti yo an jeneral. Pou fini, lapèch ak elvaj ap konfwonte divès pwoblèm tankou mank ankadreman, mank finansman, mank fòmasyon, mank ekipman ak ensètitud sou risk klimatik yo (siklòn, van, sechrès, elatriye).

Vizyon nou : Yon agrikilti ki respekte anviwònman an, ki modèn, k ap pwodui anpil, ki konpetitif, ki ka reponn a bezwen popilasyon an, ki ka kreye travay epi k ap fè dola rantre. An rezime, yon agrikilti ki ka kontribye nan kwasans ekonomi peyi a pandan lontan. Yon vizyon kon sa a ap priyorize yon apwòch ki akse sou filyè pwodiksyon k ap rantre lajan e ki gen avni avèk yon patenarya ant sektè piblik ak sektè prive a.

Rekòmandasyon nou fè Leta : N ap ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou, dapre sa ki nan ODD 2, 14 ak 15 yo, pou li suiv rekòmandasyon pi ba yo :

- a. Devlope **yon politik jeneral pou zòn andeyò (riral) yo** etan l ap pran bezwen jenès la an konsiderasyon nan sa ki gen rapò ak travay ak antreprenarya agrikòl ak lòt sektè toujou ;
- b. Repran lidèchip sektè a etan l ap prepare yon **Plan estratejik sektoryèl** k ap defini priyorite yo nan domèn agrikòl la epi ki ajiste egzekisyon an ak vizyon an. Men kèk nan aksyon plan sa a ta dwe fè :
 - **Devlope yon seri filyè pwodiksyon** ki chita sou konsomasyon lokal ak ekspòtasyon ;
 - Ranfòse **agrikilti famiyal** la epi marye l ak agribiznis ;
- c. Fè **bidjè agrikòl la rive nan 15% bidjè nasyonal la o minimòm** [FAO rekòmande 20%] etan l ap pran resous ki soti nan lòt sektè tankou nan sektè min nan pou sa, pa egzanp ;
- d. Mete aksan sou **enfrastrikti nan zòn andeyò yo** (idwoagrikòl, wout, transfòmasyon, elektrisite) ;
- e. Kreye kondisyon ki nesèsè pou **atire investisman prive nan sektè a**. Yo te ka ankouraje investisman prive lokal sitou nan :
 - Fè pwomosyon pou eksperyans tankou eksperyans nan patenarya ant sektè prive

nan vil yo (kapital/ lajan) ak sektè prive peyizan an (tè ak mendèv) avèk kontra ki dire lontan ki siyen devan notè. Aktyèlman y ap eksperimente modèl sa a nan Sidès peyi a.

- f. **Fasilite aksè a kredi ak founiti agrikòl yo (entran yo) ;**
- g. Idantifye nouvo teknoloji ki mache ak sektè agrikòl la e zòn andeyò yo epi fè pwomosyon pou yo ;
- h. **Devlope lapèch nan lanmè** (modènizasyon, fòmasyon, ekipman) ak elvaj nan dlo/ akwakilti (yo ka fè elvaj divès espès pwason dlo dous ak pwason lanmè, kribich, zangi,...) ;
- i. Fè bon jan eksplwatasyon **elvaj la** : bèf, kabrit, mouton, zwazo, elvaj myèl. Pran ka bèt yo nan peryòd move tan, nan lè gen epidemi ;
- j. Devlope yon seri **patenarya piblik prive** avèk inivèsite yo pou fè rechèch sou maladi k ap atake bèt yo, plant yo, pou pwodui varyete ki adapte, pou semans, pou konsève espès yo, pou obsève yo epi pou fè rekòmandasyon sou atitid nou dwe adopte fas a OGM yo, elatriye.

Angajman nou pran : Legliz la pran angajman piblik pou li :

- a. Fè **pledwaye** a :
 - Sansibilize aktè yo sou **priorite pou yo bay agrikilti** a ki se youn nan motè devlopman ekonomik ak devlopman sosyal peyi a ;
 - Fè pledwaye bò kote popilasyon an pou l **konsome divèsite pwodiksyon nasyonal la** ;
- b. Fè pwomosyon pou **jaden-lekòl** nan lekòl nou yo ak **jaden-legliz** nan legliz nou yo (adapte modèl la dapre sitiyasyon an) ;
- c. Fè pwomosyon pou devlopman **estrikti finansman altènatif yo** pou konbat povrete nan zòn andeyò yo epi fè pwomosyon pou envestisman nan agrikilti : koperativ tèt ansanm (mityèl), gwoup solidarite ann aksyon, bank kominotè, kès epay ak kredi, elatriye.

IX. AFÈ SOSYAL AK RELASYON MOUN AK MOUN

Konsta nou fè : Relasyon moun ak moun yo, nan sosyete nou genyen jodi a, mache ak vyolans (fizik, vèbal, sikolojik), entimidasyon ak konfli ki soti nan laperèz, ki li menm soti nan moun yo ki manke viv ansanm epi ki sispann gen solidarite. Lè mefians ak lapèrèz pa tounen konfli ak zam ak lòt fòm batay, yo fè moun drese mi (mi fizik ak mi vityèl) nan mitan yo e menm nan mitan katye yo. Lè moun yo rete kache dèyè kont rezo sosyal yo, sa fè relasyon moun ak moun yo disparèt : n ap pale relasyon ki vivan, ki vrè e ki gen chalè. Relasyon sa yo tounen relasyon nimerik ki pi frèt e ki pi sèch. Nouvo kalite relasyon sa yo, sa ki dwòl la, ankouraje yon solidarite nan sa ki mal epi li rann atak sou onè ak repitasyon lòt moun vin pi fasil pou fèt. Lè relasyon moun ak moun sa yo pran plas, yo mache ak manipilasyon epi ak itilizasyon yon moun kont yon lòt.

Gwoup moun ki pi pa kapab yo ki nan sosyete a pa benefisye yon filè sekirite sosyal nan men moun ak enstitisyon piblik ak enstitisyon prive yo. Enfrastrikti yo pa adapte a bezwen

ti gran moun yo ak moun ki gen andikap fizik yo. Ouvriye yo pa jwenn pwoteksyon sifizan kont abi yo sibi oswa pou dwa yo respekte.

Vizyon nou : Yon sosyete kote gason ak fi ap pratike dyalòg san rete, yon dyalòg ki sensè, fasafas, ki ankouraje yo kolabore nan tout nivo. Yon sosyete kote moun ki pi fèb yo jwenn pwoteksyon epi yo benefisye yon filè sekirite sosyal. Yon sosyete kote yo bay travay valè ak yon sosyete kote dwa ouvriye yo respekte.

Rekòmandasyon nou fè : Daprè sa ki nan ODD 5, 8, 10 ak 16 yo, nou ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou :

- a. Pou li pran mezi pou l fè **pwomosyon yon kominikasyon ki gen respè** ant dirijan yo ak moun y ap dirije yo ;
- b. Pou li mete **transparans** nan divès pwosesis ki gen rapò ak sitwayen yo, tankou pa egzanp, preparasyon ak egzekisyon bidjè Repiblik la ;
- c. Pibliye lwa ki ankouraje moun viv ansanm, sosyalizasyon ak rekreyasyon ;
- d. Travay nan entansyon pou garanti **pwoteksyon moun ki pi fèb yo** kont tout kalite abi epi ba yo yon anviwònman fizik ak yon anviwònman sosyal k ap rann yo gen endepandans yo pi fasil. Ranfòse **filè pwoteksyon sosyal la** pou moun ki pi fèb yo onivo sosyal, fizik epi onivo ekonomik.
- e. Ranfòse lwa ki garanti dwa travayè ak ouvriye yo epi fè aplike yo.

Angajman nou pran : Legliz pran angajman piblik nan nivo legliz yo e, si posib, onivo kominote yo :

- a. Pou li montre egzanp **inite nan divèsite a**, etan l ap ranfòse kolaborasyon ant diferan estrikti ki nan legliz yo onivo nasyonal, rejyonal epi lokal ;
- b. Pou li ranfòse estrikti ak eleman entèn ki ankouraje moun viv ansanm, kolaborasyon ak edikasyon sosyal. Nou vle pale de komite, gwoup dam, gwoup d òm, lajenès, koral, elatriye ;
- c. Pou li konsantre predikasyon l sou ranfòsman **pi bon relasyon moun ak moun, ak jistis sosyal** kòm bagay ki antre nan etik ak doktrin kreyen an ;
- d. Pou li fè pwomosyon, andedan legliz yo, pou **yon kilti pwoteksyon moun ki pi fèb yo** epi pou li adapte enfrastrikti legliz nou yo yon fason pou li pèmèt moun ki gen pwoblèm fizik yo gen aksè a yo.

X. AMENAJMAN TERITWA A, ENFRASTRIKTI AK SÈVIS

Konsta nou fè : Konsta nou fè nan sektè sa a gen kat pati : premyèman, amenajman teritwa a, enfrastrikti yo ak sèvis yo, dezyèmman dlo ak asenisman, twazyèmman, enèji e katriyèmman, telekominikasyon.

Gen gwo mank onivo enfrastrikti fizik peyi nou an. Se pa mank sa yo (wout yo ki manke, ki pa adapte epi ki an movèzeta, pon yo, pò yo ak ayewopò yo ki manke, enfrastrikti

kominikasyon yo ki twò ansyen, elatriye) sèlman men jan yo repati (konstriksyon vil san kontwòl ak bidonvilizasyon, absans zonaj, popilasyon an ki anvayi lari yo, konsantrasyon kèk enfrastruktir nan Pòtoprens, elatriye) epi move fonksyonman yo (pa gen yon sistèm transpò terès, maritim, ayeryen ki adapte) montre nou pa gen yon politik jeneral sou amenajman teritwa a nonplis. Sitiyasyon sa a gen konsekans dirèk sou disponiblite, kalite ak gouvènans sèvis piblik yo (dlo, enèji, telekominikasyon) epi sou lavi ak abidite popilasyon an (anpil aksidan ki fèt, elatriye)..

Pou sa ki gen rapò ak dlo ak asenisman, nou konstate pa gen yon politik sektoryèl ak yon politik regilasyon sektè a malgre enstitisyon piblik ki la pou sa yo egziste. Dlo pou bwè a pa disponib ase epi li pa pwòp, yo pa eksplwate resous idwolik yo ase oswa yo eksplwate yo mal, manke drenaj oswa li pa egziste ditou nan vil yo, fatra ki soti nan kay, nan biznis ak izin yo monte fè gwo pil.

Yon lòt kote, yo pa jere enèji elektrik la dapre yon politik sektoryèl. Konsomatè yo resevwa kouran an pa kontgout pandan Leta poko fè mwayen pou li eksplwate sous enèji altènativ yo. Jesyon estratejik enpòtasyon ak distribisyon gaz la sou mache lokal la vin tounen yon sous tansyon Leta poko rezoud toujou. Pandan tan sa a, konfizyon sa yo lakoz yo eksplwate resous enèjetik tradisyonèl yo twòp, sa ki gen gwo konsekans sou anviwònman an.

Finalman, sistèm telekominikasyon yo toujou rete yon sektè ki plizumwen dinamik, malgre li manke regilasyon, pa gen yon politik ki agresif epi k ap pote nouvote ladan l. Toujou gen opòtinite men fòk gen pase men ki fèt nan kad legal la ak yon ranfòsman nan gouvènans lan

Vizyon nou : Yon peyi kote, an 2050, tout popilasyon an gen aksè a sèvis fondamantal yo (kouran, dlo ak asenisman, transpò ak kominikasyon) nan respè nòm entènasyonal yo, nan yon pri moun ka peye epi anba yon sistèm lwa, kòd ak règleman ki adapte, ke moun respekte e ki jwenn soutyen yon Leta solid k ap sèvi popilasyon an.

- a. Pou li pase men nan **Plan amenajman teritwa a ;**
- b. Pou li pran responsablite l toutbon nan gouvènans konstriksyon sou teritwa Repiblik la :
 - Etan l ap veje sou respè aplikasyon **kòd konstriksyon** ki la a ak lwa sou konstriksyon vil yo ;
 - Etan l ap pibliye nouvo lwa ki delimite e ki pwoteje **zòn agrikòl** yo ak **zòn rezève** yo pou yo pa bati sou yo san kontwòl ;
 - Etan l ap asire l meri yo respekte lwa sou **pwosesis livrezon pèmi konstriksyon yo** ansanm ak kontwòl sere ak suivi konstriksyon yo jis rive nan nivo pèmi pou abite ;
 - Etan l ap **reyekilibre jan enfrastruktir yo repati** sou teritwa nasyonal la.
- c. Pou li egzèsè **lidèchip li sou sektè transpò piblik la :**
 - Etan l ap okipe transpò piblik la (anlè, a tè, sou lanmè) atravè lwa, desizyon ak investisman piblik. Sa ap mande sitou pou gen yon sistèm an plas pou **kontwole transpò** terès la, pou gen konstriksyon pò, ayewopò (pis ak batiman) nan tout vil prensipal ki nan depatman yo, pou yo tounen avèk tren nan zòn metwopolitèn yo, pou gen devlopman transpò sou lanmè an jeneral ak ant vil peyi a ki bò lanmè

(kabotaj), pou gen kontwòl sou kondisyon fonksyonman machin yo ak transpò pasaje yo.

- Etan l ap garanti sekirite jeneral transpò piblik la, sitou atravè yon sistèm siyalizasyon orizontal e vètikal ki koyeran, bon konsepsyon ak egzekisyon wout yo ak deplwaman yon polis woutyè ki vijilan.

d. Pou li pran sektè dlo ak asenisman an sou responsablite l toutbonvre :

- Etan l ap asire l sektè dlo a byen kontwòle. Desizyon sa yo ap konsène kontwòl san rete e regilye sou kalite dlo operatè piblik ak operatè prive yo ap ofri, disponiblite dlo pou bwè nan zòn ki lwen yo ak eksplwatasyon resous idrik yo.
- Etan l ap asire l li gen kontwòl tout sektè ijyèn piblik la. Pami desizyon sa yo, n ap jwenn konstriksyon sit modèn pou jete fatra (sant pou triye fatra e trete yo) nan gwo vil yo, konsepsyon ak egzekisyon yon plan netwayaj pèmanan e dragaj pou vil ki bò lanmè yo, disponiblite ase mwayen pou sèvis nasyonal jesyon fatra solid yo (SNGRS) rive akonpli misyon l avèk efikasite (ranmase fatra yo), retablisman sèvis ijyèn piblik la sitou nan zafè enspeksyon ak kontwòl enstalasyon sanite nan kay ak batiman yo, epi amenajman ak antretyen sistèm drenaj ak resiklaj dlo ki deja sèvi yo.

e. Pou li montre yon lidèchip eklere sou sektè enèji ak sektè telekominikasyon an :

- Etan l ap fè resous natirèl renouvlab yo tounen enèji elektrik nan zòn apwopriye yo (enèji altènativ : van, dlo, matyè òganik, solèy) ;
- Etan l ap reyòganize jesyon enèji elektrik la epi l ap kontwòle mache lokal gaz la ;
- Etan l ap revize e ranfòse règleman sistèm telekominikasyon an e fè lwa sou nouvo teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon yo, l ap fè aplike lalwa. Fòk nou souliye nan pati sa a, itilizasyon nouvo teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon yo (NTIC) kòm zouti k ap sèvi nan devlopman ak sekirite peyi a e kòm mwayen pou modènize edikasyon an ak administrasyon piblik la.

Angajman nou pran : Legliz la angaje l piblikman :

- a. Pou li fè edikasyon manm li yo ki nan kongregasyon yo epi pou li sansibilize yo pou yo vin sitwayen responsab, k ap ranpli devwa fiskal (peye taks) yo pou Leta ka founi popilasyon an sèvis fondamantal yo ;
- b. Pou li fè pledwaye bò kote gouvènman an pou li bay sitwayen yo sèvis fondamantal yo ;
- c. Pou li fè pwomosyon nan legliz yo, nan asosiyasyon yo ak nan fanmi yo pou **respè nòm konstriksyon** an jeneral e sa parasismik ak parasiklonik yo an patikilye ;
- d. Pou li adapte enfrastrikti l yo a bezwen moun ki pi fèb fizikman yo epi pou li fè entèvansyon lè gen katastwòf nan kominote yo ;
- e. Pou li sansibilize kretyen yo pou yo pran responsablite yo nan jan y ap itilize byen ak resous piblik yo.

XI. ANVIWÒNMAN

Konsta nou fè : Nan sa ki gen rapò ak anviwònman an, konsta nou yo revele nou yon seri bagay ki klè anba je nou. Onivo plant yo (flò a), debwazman ak ewozyon redui kantite tè ki kouvri ak plant yo nèt epi yo ogmante kantite zòn sèch yo. Onivo bèt yo menm, nou pèdi yon bon pati nan byodivèsite nou an epi gen yon kantite espès ki ka repwodui k ap kite peyi nou an. Nan lanmè a, kontaminasyon fatra yo pote nan dlo a lakoz kèk espès disparèt epi lavi resif koray yo ak zèb lanmè (alg) yo menase. Dlo nou genyen sou tè yo ap diminye. Teritwa a pa amenaje kòrèkteman piske konstriksyon yo fèt an dezòd nan espas la epi yo mal fèt, bidonvil ap vale teren, tè ki ka fè manje yo ap diminye, min yo ak karyè yo mal eksplwate epi salte ap taye banda. Pou nou fini ak tablo tris sa a, yo jete fatra ki soti nan izin ak lòt kote yo nan lanati epi sa lakoz kontaminasyon tè yo, dlo yo ak atmosfè a. Twòp bwi ki genyen nan zòn moun ap viv yo, gen yon enpak negatif sou sante fizik ak sante mantal nou.

Sitiyasyon sa a se konsekans dirèk divès koz tankou katastwòf natirèl ak eksplwatasyon deregle anviwònman an, move gouvènans, mank edikasyon sivik ak edikasyon sou anviwònman, povrete, ogmantasyon popilasyon an ak absans politik gouvènmantal ki apwopriye.

Men toujou gen gwo opòtinite devan nou paske bèl peyi nou genyen an gen yon gwo byodivèsite, li gen yon bòdmè ki long (1.771 kilomèt) epi li chaje ak resous natirèl, relyèf ak mikwoklima.

Vizyon nou : An 2050, dapre manda Bondye ban nou an,⁶² yon peyi ki gen yon anviwònman pwòp, kote moun ka viv epi ki pwoteje, ki ka reziste anba chanjman klimatik ak katastwòf natirèl (rezilyan), ki garanti tout ayisyen yon espas fizik ki fasilite sekirite sosyoekonomik yo, devlopman entegral yo ak reyalizasyon objektif devlopman dirab yo. Yon lòt bò, nou reve gen yon kominote ayisyen responsab nan jesyon anviwònman fizik nou an.

Rekòmandasyon nou fè : Nou ankouraje Leta ayisyen ak tout nou menm, dapre vizyon ki pi wo a ak angajman Gouvènman ayisyen an pran, sitou nan kad Objektif devlopman dirab 6, 7, 11, 12, 13, 14, ak 15 yo, pou li suiv rekòmandasyon pi ba yo :

- a. Adopte yon **politik nasyonal rebwazman** :
 - Fè kouvèti forestyè a soti nan 2 pou rive nan 10 % ;
 - Ogmante **kantite pyebwa yo** (soti 32 rive 40 %) ;
 - Fikse ki tip pyebwa ki dwe koupe epi fikse nan ki kondisyon pou yo koupe yo.
- b. Ogmante **estrikti pou pran swen e pwoteje anviwònman** an sou tout teritwa nasyonal la, pami yo yon polis anviwònmantal :
 - Mete yon seri ajan anviwònmantal sou plas ;
 - Fè pwomosyon edikasyon **anviwònmantal la**.
- c. Entegre pwoteksyon anviwònmantal nan pwogram lekòl ayisyen an ;
- d. Revize **kòd lwa sou jesyon fatra yo** (solid, likid, ki soti nan kay, nan izin, nan lopital, ki pwazon [toksik],...), eksplwatasyon dlo k ap koule sou tè ak sa ki anba tè yo, enspeksyon ak siveyans jesyon pwodui ak fatra ki gen pwazon ki soti nan izin yo epi kole tè ak kèk enstitisyon entènasyonal pou siveye mouvman fatra anpwazonnen yo

⁶²Jenèz 2 : 15 ; 27 : 28 ; Ezekeyèl 47 :12 ; ...

epi mete **yon politik efikas sou jesyon fatra** sou pye ;

- e. Ranfòse lwa ak siveyans yo atravè yon koperasyon ant MDE, MTPTC pou gen yon pi bon jesyon min yo ak karyè yo ;
- f. Fè pase men nan **Plan amenajman teritwa a** ;
- g. Mete yon sistèm resiklaj dirab pou fatra ak dlo sal sou pye ;
- h. Tanzantan, revize règleman ki gen rapò ak lachas ak lapèch yo epi adapte yo etan l ap pini moun ki vyole l yo ;
- i. Kreye zòn pwoteje ak pak natirèl epi jere yo : investi nan inite sa yo ki ka itil nan domèn syantifik, edikasyon oswa nan domèn touristik.

Angajman nou pran : Legliz, nan misyon sosyal ak misyon espiyèl li genyen, pran angajman piblik :

- a. Pou li fè pwomosyon pou **ansèyman biblik sou anviwònman**⁶³ **nan legliz yo** ;
- b. Pou li bay egzanp **bon jesyon anviwònman an** nan espas prive li yo ak nan kominote kote li ye a⁶⁴ atravè yon seri aksyon ki vize fè pwomosyon pou pwòpte ak pwoteksyon anviwònman an ;
- c. Pou li fè pledwaye pou gen yon vrè **politik piblik pou pwoteksyon anviwònman an** ;

XII.JESYON RISK AK DEZAS

Konsta nou fè : N ap viv nan yon peyi k ap fè fas a tout kalite katastwòf, katastwòf natirèl (siklòn, inondasyon, van, sechrès, tranblemanntè, epidemi, dife) ak katastwòf lòn koze (twoub politik, aksidan, anpwazònman/entoksikasyon atravè pwodui ki danjere, kontaminasyon anviwònman, polisyon bwi [sonò], dife, elatriye). Se yon sitiyasyon ki vin pi grav lè anviwònman an ak vil yo ap depafini byen vit chak jou.

Men, gen kèk pwogrè nou ka konstate paske piblik la vin pi enfòm chak jou k ap pase epi yo fè l pran konsyans sou kesyon an. Gen yon seri enstans nan Leta nan diferan nivo pou jesyon risk ak dezaz yo (SNGRD, COUN, COUD, elatriye), gen resous ki disponib tanzantan (kat risk, prelevman FDU [Fon d ijans], elatriye) ak yon seri aktè ki pa nan leta (ONG, OI) k ap travay nan domèn nan. Toujou manke lwa kad ak nouvo konpòtman (prepozisyonman byen, entèferans politik ki ta dwe sispann nan zafè ed ijans, nou ta dwe depann plis sou resous lokal yo, sosyete sivil la ak Legliz la ta dwe plis enplike, elatriye) pou deklanche sistèm sa a ki poko ap fonksyone jan l ta dwe..

Vizyon nou genyen : Yon sosyete kote chak ayisyèn, chak ayisyen, chak fanmi, chak kominote se yon aktè pwoteksyon sivil ; yon sosyete kote gen yon sistèm nasyonal jesyon risk ak dezaz k ap mache, ki byen jere, ki endepandan, ki kapab kowòdone aksyon tout aktè k ap entèvni yo epi ki jwenn sipò Legliz la kòm avangad nan sansibilizasyon, nan prevansyon, nan repons ak nan reyabilitasyon..

Rekòmandasyon nou fè : Daprè sa ki nan ODD 11 ak 13 yo, nou ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou :

- a. Pou li kreye **kad legal pou regilarize SNGRD a** (Sistèm nasyonal jesyon risk ak dezaz) epi pou li asire l :

⁶³ Jenèz 2 : 15 ; Levitik 25 : 4 ; Women 8 : 19, 22 ; Detewonòm 29 : 29 ; Sòm 24 : 1 ; Revelasyon 11 : 18

⁶⁴ Detewonòm 23 : 13, 14

- DPC tounen yon **òganis teknik endepandan**, ki gen pwòp bidjè l, pwòp gouvènans li ak pwòp ekip jesyon l ;
 - Ranfòse fondijans lan (FDU) epi fè l tounen **Fon prevansyon ak repons kont dezaz** ;
 - Mete yon sistèm nasyonal pou enfòmasyon sou menas sou pye (kòlèk, tretman ak piblikasyon enfòmasyon yo), **yon sistèm alèt davans**, yon plan nasyonal pou evakyasyon avèk yon rezoabri pwovizwa (pou moun ak pou bèt) ak yon sistèm rezèv estratejik ;
 - Ranfòse **kòd amenajman teritwa a ak kòd konstriksyon an** epi fè respekte yo ;
 - Pèmèt kolektivite lokal yo pran travay mitigasyon yo sou responsablite yo (pa egzanp : konstwi pasrèl kote dlo pase yo pou anpeche moun nwaye lè rivyè ap desann, elatriye) ;
- b. Fè etid sou risk yo ak jan pou popilasyon an pwoteje tèt li vin yon pwogram obligatwa nan lekòl fondamantal tankou nan segondè ;
- c. Ranfòse sistèm **lit kont dife** epi desantralize l.
- d. Tanzantan, òganize egzèsis similasyon nan tout nivo (inivèsite, lekòl, antrepriz, òganizasyon, biwo piblik, elatriye) ;
- e. **Entegre tout sosyete sivil la** nan jesyon risk ak dezaz (fòmasyon, sansibilizasyon, patisipasyon sitwayen, repons, elatriye) ;

Angajman nou pran : Legliz la pran angajman piblik, nan legliz yo e, si posib, nan kominote yo :

- a. Pou li fè pwomosyon yon kilti jesyon risk ak dezaz andedan legliz yo :
- **Respekte nòm parasismik yo ak nòm parasiklonik yo** kote sa nesesè pou tout kalite konstriksyon (legliz, lekòl, lopital, sant sante,...) ;
 - Chak misyon, chak federasyon, chak legliz lokal ap gen pwòp **plan ijans li** ;
 - Travay ansanm pou mete yon seri òganizasyon sou pye k ap fè prevansyon e entèvansyon an ijans (repons), kote sa posib ;
 - Fè fòmasyon pou manm legliz yo ak lidè yo nan zafè **sipò sikososyal** ;
 - Mete nosyon jesyon risk ak dezaz yo nan pwogram lekòl nou yo pou fè pwomosyon yon kilti ki toujou konsyan de sa ;
 - Misyon ak legliz ki gen òganizasyon devlopman yo ap mete yon seri aktivite sou prevansyon, mitigasyon, ak repons imanite nan pwogram yo.
- b. Pou li fè **pledwaye** bò kote Leta pou li aplike rekòmandasyon ki fèt yo nan sa ki gen rapò ak jesyon risk ak dezaz ;
- c. Pou li prepare l epi pou l ekipe tèt li pou l ka fè **entèvansyon lè gen dezaz**, nan kominote yo, **an kowòdinasyon ak lòt aktè yo** :

- Ranfòse sant sante yo ak lopital yo pou yo fè pi bon entèvansyon lè gen dezas (fòmasyon pèsònèl, medikaman, konstriksyon batiman, ekipman ak materyèl) ;
- **Mobilize epi bay oryantasyon lè gen dezas ;**
- Travay ansanm ak otorite lokal yo, otorite depatmantal ak otorite nasyonal yo ak SNGRD a lè gen dezas.

XIII. LAKILTI AK SIVIS

Konsta nou fè : Sitwayen nou yo, pou laplipa nan yo, pèdi santiman patriyotik ak santiman yo se Ayisyen. Olye yo renmen peyi a, sèvi l, pwoteje l, defann li epi travay pou devlopman l, yo gen yon konpòtman k ap detwi l epi y ap pratike bagay ki anpeche peyi a pwogrese. Yon lòt bò, Leta pa fè anpil aksyon pou li ankouraje lespri sitwayen ak lakilti, sa ki lakoz yon gwo akiltirasyon sou teritwa ayisyen an kote yon pakèt sitwayen ap viv ann Ayiti avèk koutim ak konpòtman ki soti nan lòt peyi. Patrimwàn istorik ak kiltirèl nou an manke valorize epi yo manke eksplwate l. Nou pa gen enpresyon gen yon politik piblik nan domèn lakilti.

Vizyon nou : Yon nasyon pitit li renmen pandan y ap fè devwa sitwayen yo. Yon nasyon ki bay lakilti valè, kote yo ankadre atis yo ak kote patrimwàn istorik ak kiltirèl la jwenn pwoteksyon dekwa pou l sèvi nan devlopman dirab.

Rekòmandasyon nou fè : Nou ankouraje Leta ayisyen ak tout fòs nou, atravè reprezantan piblik li yo, pou li fè aksyon pi ba yo : montre li renmen peyi a toutbonvre, fikse e fè respekte yon seri règleman pou li ankouraje lespri sitwayen (sivis), fè moun renmen epi respekte patri yo.

- a. Monte **yon pwogram edikasyon sivik** ki respekte valè kiltirèl pozitif ayisyen yo. Pwogram sa a ap ankouraje moun renmen peyi yo, konpòte yo an sitwayen e sèvi kominote yo.
- b. **Fè pwomosyon pou kilti ayisyen an** pandan l ap dekouraje aksyon ki pa antre nan bon lizaj yo. Pwomosyon sa a ap fèt sitou atravè sipò y ap bay atis yo (penti, mizik, teyat, kizin, sinema, pwogram televizyon, elatriye).
- c. Pwodui yon seri **tèks lwa** ki vize menm objektif yo epi veye pou fè respekte yo epi pou fè aplike yo dekwa pou garanti sitwayen an anrasine nan bon jan edikasyon sivik sa a ;
- d. Valorize **patrimwàn nasyonal** la ak resous imateryèl ayisyen yo pou yo sèvi a devlopman dirab ;
- e. Elabore yon **politik piblik koyeran ki gen rapò ak lakilti ak edikasyon sivik** epi fè aplike l.

Angajman nou pran : Legliz la pran angajman piblik pou l :

- a. **Degaje l pou l entegre patriyotis, sivis ak respè kilti nasyonal la** nan aktivite nòminal predikasyon l, ansèyman l, edikasyon l ak fonksyònman l ;
- b. **Ankadre jèn atis** ki nan legliz nou yo nan tout aspè atistik ;
- c. **Fè yon pledwaye** bò kote Leta pou l elabore yon politik kiltirèl ki koyeran pou fè pwomosyon yon bon jan pwodiksyon atistik.



7 POU NOU FINI – ANGAJMAN NOU POU NOU REPANTI, POU NOU PRIYE EPI POU NOU AJI

Se yon bagay ki klè, nou gen yon lòt revolisyon pou nou fè jodi a. Se yon lòt konba Vètyè nou dwe mennen, e se pou nou genyen l. Yon sèl bagay, fwa sa a, se pa ak boulèt kanno ak bayonèt oswa ak konba vyolan n ap pote laviktwà. Se pa nan goumen ni nan tire n ap triyonfe. Viktwa nou ap soti nan sakrifis, nan chèche enterè frè n ak sè n, nan detèminasyon, nan bliye pwòp tèt nou. Ènmi nou genyen jodi a yo, se pa sòlda ki soti nan yon lòt peyi ni nan yon lòt pèp, men ènmi nou se povrete, se mizè moral ak malsite. Ènmi nou an, finalman, se nou menm ankò. Ògèy nou ak egoyis nou ta dwe koube devan yon lòt kongrè Akayè, youn ki pi bon, pou anfen, nou ka jwenn wout k ap pèmèt nou viv ansanm epi reyisi ansanm nan.

Malgre tan ak enèji plizyè dizèn kolaboratè kretyen envesti nan konsepsyon ak elabòasyon dokiman sa a, malgre bon jan rekòmandasyon ak angajman yo ekri yo, nou rekonèt nou p ap ka chanje peyi a poukont nou. Toudabò, nou bezwen pou Bondye ban nou èd, paske san li nou p ap ka fè anyen. « Nou pa kapab fè anyen san mwen » se sa li di nou nan Bib la.⁶⁵ Pi lwen, nan yon lèt apot Pòl, li pwomèt nou prezans li ap kenbe nou e ban nou fòs pou nou ka reyalize travay k ap tann nou an. « Mwen ka fè tout sa pou m fè gras a Kris la ki ban m fòs ». ⁶⁶ Donk, nou rete pou nou bese nou byen ba nan repantans ak lapriyè, pou nou korije erè nou yo e pou nou mare ren nou pou nou travay. « Si pèp ki pote non m lan lapriyè nan pye m, si yo soumèt devan mwen, si yo pran chache m ankò, si yo vire do bay vye peche yo t ap fè yo, m ap tandè yo nan syèl kote m ye a, m ap padonnen peche yo, m ap fè peyi a kanpe ankò. »⁶⁷

Nou reve gen yon lòt peyi ki diferan ak sa nou genyen jodi a. Nou reve gen yon peyi kote dwa fondamantal sitwayen yo respekte, kote chak moun gen yon travay l ap fè oswa yon metye l ap egzèse ak tout kouraj li, kote fanmi yo pa depatya akòz kèk ladan yo kite peyi a, kote ti moun yo al lekòl, kote tout moun jwenn manje pou satisfè yo, kote ti moun yo ak jèn yo jwenn sekirite e kote ki gen renmen, lajistis ak respè. Jodi a, nou fè apèl a konsyans chak grenn moun. Li lè pou nou pran konsyans, chak grenn moun an patikilye, nou tout ansanm. « Se nou ki pou chanjman nou ta renmen wè nan peyi a ! »⁶⁸ 68 Li lè pou nou aji, nou pa ka rete bra kwaze. An n peye enpo nou, an n refize jete fatra nan lari a, an n al vote ak tèt nou, an n respekte lidè nou yo, an n pozitif nan pawòl nou yo, an n sispann bay peyi a madichon e di li p ap janm chanje, an n abòde moun nou pa konnen avèk koutwazi, an n di Seyè a mèsì pou bèl bout tè sa a li ban nou an. Se nou ki pou chanjman an andedan lakay nou, nan katye nou, nan legliz nou, kote n ap travay la epi tout kote nou pase. Se lè sa a n ap rive bati Ayiti n ap mande a, Ayiti nou merite a ! Nou fè rekòmandasyon nou yo pou rèv sa a tounen yon realite anfen. Nou pran angajman sa yo tou pou nou bati Ayiti sa a kote nou vle viv la !

⁶⁵ Jan 15 : 5

⁶⁶ Filipyen 4 : 13, tradiksyon lib.

⁶⁷ 2 Kwonik 7 : 14

⁶⁸ Se yon pawòl Gandhi te di.

8. ANÈKS

1. Sig

AGD	<i>Administrasyon Jeneral Ladwàn (Administration Générale des Douanes)</i>
ASN	<i>Otorite nasyonal pou Lasante (Autorité sanitaire nationale)</i>
CONALD	<i>Komisyon Nasyonal k ap Lite kont Dwòg (Commission nationale de lutte contre la drogue)</i>
COUD	<i>Sant Operasyon Ijans Depatmantal (Centre d'opération d'urgence départemental)</i>
COUN	<i>Sant Operasyon Ijans Nasyonal (Centre d'opération d'urgence national)</i>
CSPJ	<i>Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè (Conseil supérieur du pouvoir judiciaire)</i>
CSPN	<i>Konsèy Siperyè Polis Nasyonal (Conseil supérieur de la Police nationale)</i>
CSCCA	<i>Gran Tribinal sou Kontabilite Piblik ak Litij Administratif (Cour supérieure des comptes et du contentieux administratif)</i>
DPC	<i>Direksyon Pwoteksyon Sivil (Direction de la protection civile)</i>
FAD'H	<i>Fòs Lane d Ayiti (Forces armées d'Haïti)</i>
FAO	<i>Òganizasyon pou Agrikilti ak Alimantasyon (Food and Agriculture Organization)</i>
FDU	<i>Fon d Ijans (Fonds d'urgence)</i>
GRD	<i>Jesyon risk ak Dezas (Gestion des risques et des désastres)</i>
HTG	<i>Goud</i>
IDH	<i>Endis Devlopman Imen (Indice de développement humain)</i>
MARNDR	<i>Ministè Agrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Riral (Ministère de l'agriculture, des ressources naturelles et du développement rural)</i>
MDE	<i>Ministè Anviwònman (Ministère de l'environnement)</i>
MJSP	<i>Ministè Jistis ak Sekirite Piblik (Ministère de la justice et de la sécurité publique)</i>
MTPTC	<i>Ministè Travo Piblik, Transpò ak Kominikasyon (Ministère des travaux publics, transports et communications)</i>
NTIC	<i>Nouvo Teknoloji Enfòmasyon ak Kominikasyon (Nouvelles technologies de l'information et de la communication)</i>
ODD	<i>Objektif Devlopman Dirab (Objectif de développement durable)</i>
OGM	<i>Òganis ki Sibi Modifikasyon nan Jèn yo (Organisme génétiquement modifié)</i>
OI	<i>Òganizasyon Entènasyonal (Organisation internationale)</i>
ONG	<i>Òganizasyon ki pa nan Gouvènman (Organisation non-gouvernementale)</i>
ONI	<i>Bizwo Nasyonal Idantifikasyon (Office national d'identification)</i>
ONU	<i>Òganizasyon Nasyonzi (Organisation des Nations unies)</i>
PES	<i>Pakè Esansyèl pou Sèvis (Paquet essentiel de services)</i>

PNB	<i>Pwodui Nasyonal Brit (Produit national brut)</i>
PNH	<i>Polis Nasyonal d Ayiti (Police nationale d'Haïti)</i>
SNGRD	<i>Sistèm Nasyonal Jesyon Risk ak Dezas (Système national de gestion de risques et de désastres)</i>
SNGRS	<i>Sèvis Nasyonal pou Jesyon Fatra Solid (Service national de gestion des résidus solides)</i>
UCREF	<i>Inite Santral pou Ransèyman Finansye (Unité centrale de renseignements financiers)</i>
UEH	<i>Inivèsite Leta d Ayiti (Université d'État d'Haïti)</i>
ULCC	<i>Inite k ap Lite kont Kòripsyon (Unité de lutte contre la corruption)</i>
VAE	<i>Validasyon Konpetans atravè Eksperyans pwofesyonèl (Validasyon des Acquis de l'Expérience)</i>

2. Tablo ki mete ODD yo an relasyon avèk 13 sektè yo ki nan dokiman sa a

Tèm	Relasyon avèk ODD yo
1. Edikasyon	(4) Aksè a bon jan edikasyon ;
2. Lakilti ak sivilis	<i>Pa parèt klè</i>
3. Ekonomi ak endistri	(1) Derasinen povrete ; (7) Itilizasyon enèji renouvlab yo ; (8) Aksè a bon jan travay ; (9) Bati yon enfrastrikti ki solid, fè pwomosyon pou yon endistriyalizasyon dirab ki bon pou tout moun epi ankouraje nouvotè ; (10) Rediksyon inegalite ; (12) Konsomasyon ak pwodiksyon responsab ;
4. Lalwa ak lajistis	(16) Jistis ak lapè ;
5. Enfrastrikti ak sèvis	(6) Aksè a dlo pwòp ak asenisman ; (7) Itilizasyon enèji renouvlab ; (9) Bati yon enfrastrikti ki solid, fè pwomosyon pou yon endistriyalizasyon dirab ki bon pou tout moun epi ankouraje nouvotè ;
6. Agrikilti ak politik sou jesyon latè	(2) Batay kont grangou ; (14) Lavi nan dlo ; (15) Lavi terès ;
7. Gouvènans	(16) Jistis ak lapè ; (17) Patenarya pou reyalizasyon objektif yo ;
8. Sante fizik ak sante mantal	(3) Aksè a lasante ;
9. Anviwònman	(6) Aksè a dlo pwòp ak asenisman ; (7) Itilizasyon enèji renouvlab ; (11) Vil dirab ak kominote dirab ; (12) Konsomasyon ak pwodiksyon responsab ; (13) Batay kont chanjman klimatik ; (14) Lavi nan dlo ; (15) Lavi sou tè a ;
10. Afè sosyal ak relasyon moun ak moun	(5) Egalite ant gason ak fi ; (10) Rediksyon inegalite ; (16) Jistis ak lapè ; (8) Aksè a travay ki respekte dwa moun ;
11. Jesyon risk ak dezast	(11) Vil dirab ak kominote dirab ; (13) Batay kont chanjman klimatik ;
12. Lafanmi, ti moun, lajenès ak espò	(5) Egalite ant gason ak fi ; (10) Rediksyon inegalite yo ;
13. Sekirite piblik ak defans nasyonal	(11) Vil dirab ak kominote dirab ; (16) Jistis ak lapè ;

3. Bibliyografi

(* : Dokiman ki pote asteriks la se vèsyon fransè a ki te disponib pou konsilte)

DEARBORN, Tim, *Extraordinary Witness in Ordinary Ways, Living as Witnesses to the Kingdom of God*, World Vision International, 2009 (vèsyon elektwonik)

Enquête Mòrtalité, Morbidité et Utilisation des Services (EMMUS-VI), Indicateurs clés, 2016-2017 {Ankèt Motalite, Mòbidite ak Itilizasyon sèvis [EMMUS IV], Endikatè kle 2016-2017}

FAUBERT, Carroll, United Nations Development Program (UNDP) Evaluation Office, *Evaluation of UNDP Assistance to Conflict-Affected Countries, Case Study, Haiti*, 2006 (vèsyon elektwonik)

Gouvernement haïtien, Loi de finances de la République d'Haïti pour l'exercice 2017-2018 (Gouvènman Ayisyen, Lwa finans [Bidjè] Repiblik d Ayiti pou Egzèsis 2017-2018)*

Gouvernement haïtien, Projet de loi de finances rectificative de la République d'Haïti, exercice 2016-2017 (Gouvènman Ayisyen, Pwojè Lwa finans [Bidjè] rektifikatif Repiblik d Ayiti pou Egzèsis 2016-2017)*

Gouvernement haïtien, Acte de l'Indépendance de la République d'Haïti (Gouvènman Ayisyen, Ak Endepandans Repiblik d Ayiti)*

Gouvernement haïtien, Constitution de 1987 de la République d'Haïti, amendée le 9 mai 2011 (Gouvènman Ayisyen, Konstitisyon 1987 Repiblik d Ayiti, amande 9 me 2011)*

Gouvernement haïtien, Constitution de 1964 de la République d'Haïti (Gouvènman Ayisyen, Konstitisyon 1964 Repiblik d Ayiti)*

Gouvernement haïtien, Constitution de 1801 de Saint-Domingue (Gouvènman Ayisyen, Konstitisyon 1801 Zile Sendomeng)*

Gouvernement haïtien, Constitution impériale de 1805, Empire d'Haïti (Gouvènman Ayisyen, Konstitisyon enperyal 1805, Lanpi d Ayiti)*

Gouvernement haïtien, Code rural de Boyer de 1826, République d'Haïti (Gouvènman Ayisyen, Kòd Riral Bwaye 1826 Repiblik d Ayiti)*

Gouvernement haïtien, Code rural de François Duvalier de 1962, République d'Haïti (Gouvènman Ayisyen, Kòd Riral Franswa Divalye, Repiblik d Ayiti)*

Bib la, Pawòl Bondye ann Ayisyen, Société biblique haïtienne, 1999

MOFFIT, Bob avèk TESCH, Karla. *If Jesus Were Mayor, Transformation and the Local Church*, Harvest, 2004 (vèsyon elektwonik)

MYERS, Brant. *Walking with the Poor, Principles and Practices of Transformational Development*, New York: Orbis Books, 2011. 386pp. ISBN 978-1-57075-939-0

PERKINS, Tony ak JACKSON Jr., Harry R. *Personal Faith, Public Policy*, Frontline, 2008 (vèsyon elektwonik)

TOLSTOÏ, Léon. *Le Royaume des cieux est en vous*, Le passager clandestin, 1893

4. Rezime Rekòmandasyon ak Angajman yo

A. Rezime rekòmandasyon pou Leta :

Sante fizik ak sante mantal

1. Fè pwomosyon pou **òganizasyon pwofesyon medikal la** ak **gouvènans sistèm sante piblik la** pou pèmèt MSPP jwe wòl lidèchip sektoryèl li epi pou li aplike **politik sante** gouvènman an.
2. Ranfòse **finansman sistèm nan** ak **jesyon resouszimèn yo** pou rive ranfòse kapasite l pou l kouvri sèvis sante fondamantal yo kòmsadwa.
3. Louvri **aksè**, ogmante **kouvèti lasante sou teritwa a**, ranfòse **enfrastrikti yo** epi fè **patenarya piblik-prive** yo vin yon okazyon pou fè swen sante fizik ak sante mantal yo rive jwenn tout moun.

Edikasyon

4. Reyèlman abòde **edikasyon an kòm yon sèvis piblik Leta ap bay sitwayen yo**. Sa k ap pèmèt yo byen ogmante òf piblik edikasyon an ofiramezi yon jan pou garanti egalite nan sistèm nan etan l ap sibvansyone edikasyon prive ki pa la pou fè pwofi an san patipri.
5. Ranfòse **gouvènans sistèm edikatif ayisyen an** nan kore estrikti kontwòl ki la yo pandan l ap pèmèt li endepandan parapò a enfliyans ki ka anpeche l byen fonksyone.
6. Amelyore **kalite edikasyon an** nan tout nivo, nan sektè piblik tankou nan sektè ki pa piblik, atravè yon seri desizyon patikilye. Desizyon sa yo ap **vize ti moun piti yo, fòmasyon pwofesyonèl la ak ansèyman siperyè a**. Fè amenajman lengwistik kreyòl-fransè vini yon reyalyte. Pou UEH ak Inivèsite piblik nan rejyon yo, revize oswa vote lwa òganik yo, ranfòse endepandans antite yo, politik ansèyman siperyè a ak sistèm rekonesans lòt inivèsite yo.
7. Devlope **patenarya piblik prive ak inivèsite yo pou yo fè rechèch** nan divès domèn.
8. Konsidere **analfabetis** tankou yon pwoblèm ki dwe rezoud nèt bò lane 2030.

Fanmi, ti moun, lajenès ak espò

9. Mete **yon politik ranfòsman fanmi** ak **pwoteksyon ti moun ak lajenès** sou pye (sitou nan derasinen pratik « restavèk » la) pou kanpe degrenngolad ki genyen kounye yo epi pou kontribye nan preparasyon yon nouvo jenerasyon sitwayen ki renmen peyi yo epi k ap sèvi l.
10. Pran responsablite **espò a onivo nasyonal** pou bay ti moun yo, jèn yo ak moun ki gen bezwen espesyal yo yon lòt chans pou yo ka ede pote lapè, atachman sosyal ak devlopman.

Gouvènans

11. Amòse **kèk refòm fondamantal ak kèk refòm konstitisyonèl pou ankouraje bon gouvènans** epi pou fè pwomosyon pou sa. Pa egzanp, nan yon tan tou kout, analize

si nou dwe kontinye ak Prezidan ansanm ak Premye Minis epi de (2) chanm (Sena ak Chanm depite), reyòganize pwosesis monte bidjè a pou rann li pi sanse epi pi transparan, fè 'rè' desantralizasyon Leta a tounen yon reyalite, fè refòm nan administrasyon an, **defini yon liy diplomatik ki klè epi mete yon tribinal konstitisyonèl sou pye..**

12. **Ranfòse enstitisyon nasyonal jistis ak rann kont yo** (CSPJ, MJSP, CSCCA, ULCC, UCREF, elatriye) pou yo ka byen jwe wòl yo epi konbat koripsyon.
13. Lanse epi sipòte sosyete sivil la nan monte yon **pwogram edikasyon sivik fonksyonèl** pou rive konstwi yon konsyans nasyonal epi pou fè pwomosyon reprezantasyon ak medyasyon politik atravè yon seri **pati politik ki òganize**.
14. Demare yon **pwosesis dyalòg ki dwe débouché sou yon pwojè devlopman nasyonal** epi fè pwomosyon konstriksyon sosyal la.
15. Montre gen **transparans** nan divès pwosesis piblik yo etan l ap ranfòse lwa ak pratik ki ankouraje respè prensip pasasyon mache yo ak rann kont sou jesyon lajan yo.
16. Fè **entegrasyon dyaspora yo nan devlopman peyi a** tounen yon reyalite.

Lalwa ak lajistis

17. Rann **jistis la fonksyonèl epi rann li endepandan** nan adopsyon yon seri desizyon espesifik, tankou bay kont resous ki nesè nan bidjè a, resous materyèl ak resousziman, garanti yon sistèm jistis ki endepandan, batay kont detansyon prevan-tif pwolonje, reyòganizasyon sistèm eta sivil la, elatriye.
18. Fè **refòm ki nesè yo nan tèks lwa ayisyen yo**, sitou nan domèn tè/kadas, fiskalite, elatriye.

Sekirite piblik ak defans nasyonal

19. **Ranfòse PNH, FAD'H ak AGD** pandan l ap ba yo kad legal ak resous nesè pou yo akonpli misyon yo nan enterè popilasyon an.
20. Fè **pwomosyon pou yon anviwònman ki gen sekirite** etan l ap rezoud pwoblèm zam ilegal yo, pandan l ap derasinen gwoup nèg ak zam yo epi pandan l ap amelyore relasyon ant lapolis ak lajistis.

Ekonomi ak endistri

21. Fè **pwomosyon pou pwodiksyon nasyonal la** atravè eksplwatasyon resous natirèl ak resous izin yo nan yon fason ki responsab e dirab pandan n ap fè pwomosyon investisman nasyonal la epi nan atire lajan ki soti nan lòt peyi. **Pwoteje pwodiksyon nasyonal la.**
22. Reyòganize **politik kredi** a yon jan pou favorize pwodiksyon nasyonal la ak kreyasyon travay pou tout moun.

Agrikilti ak politik jesyon latè

23. Devlope yon **politik jeneral zòn andeyò yo** ki konsidere bezwen jenès la tou nan sa ki gen rapò ak travay ak antreprenarya nan agrikilti ak nan lòt sektè.

24. Repran lidèchip sektè a nan prepare yon **plan estratejik sektoryèl pou agrikilti** a k ap defini priyorite yo nan domèn agrikòl la epi ki ajiste egzekisyon an ak vizyon an. Pami aksyon ki nan plan sa a, fòk li ta devlope filyè pwodiksyon ki chita sou konsomasyon lokal ak **ekspòtasyon** epi ranfòse agrikilti famiyal la pou l marye l ak agribiznis. Objektif final la se rive reyèlman **asire sekirite alimantè pou pèp ayisyen an..**
25. Fè **bidjè agrikòl la rive nan 15% bidjè nasyonal ominimòm** [FAO rekòmande 20%] etan l ap pran resous ki soti nan lòt sektè tankou nan sektè min nan. Onivo agrikiltè yo, fasilite **aksè a divès resous yo** (kredi, matyè premyè [entran], teknik ak teknoloji)
26. Mete aksan sou **enfrastrikti ki andeyò yo** (enfrastrikti idwoagrikòl/woutyè, transfòmasyon, kouran).
27. Kreye kondisyon ki nesesè pou atire **envestisman prive nan sektè agrikòl la** epi ankouranje divès **patenarya piblik /prive.**
28. Devlope **elvaj** (bèf, kabrit, kochon, ...), **lapèch nan lanmè** ak **elvaj nan dlo** (pwason, krevèt, ang, ...).

Afê sosyal ak relasyon moun ak moun

29. **Byen kominike** ak moun l ap dirije yo **epi montre transparans ak bon jan kolaborasyon** pou bay bon egzanp relasyon moun ak moun.

Amenajman teritwa a, enfrastrikti ak sèvis

30. Pase men nan **Plan amenajman teritwa a.**
31. Reyèlman pran responsablite **gouvènans konstriksyon** yo sou teritwa Repiblik la etan l ap veye sou bon jan aplikasyon kòd konstriksyon ki la a ak lwa sou konstriksyon vil yo pandan l ap **reyekilibre repatisyon enfrastrikti yo** sou teritwa nasyonal la.
32. Egzès **lidèchip li sou sektè transpò piblik la** etan l ap pran transpò piblik la (anlè, atè ak sou lanmè) sou responsablite l atravè lwa, desizyon ak investisman piblik epi etan l ap garanti sekirite jeneral transpò piblik la.
33. Pran **sektè dlo ak asenisman an** sou responsablite l toutbon vre etan lap asire sektè dlo a ak sektè ijyèn piblik la byen regle (gen bon règ pou suiv).
34. Montre yon **lidèchip eklere nan sektè enèji ak telekominikasyon** an etan l ap transfòme resous natirèl renouvlab ki disponib yo ann enèji elektrik, etan l ap reyòganize jesyon enèji elektrik la ak kontwòl mache lokal gaz la, etan l ap revize lwa sou sistèm telekominikasyon yo ki pou trete de nouvo teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon yo (NTIC) tou, l'ap ranfòse yo epi fè aplike yo.

Anviwònman

35. Adopte yon **politik nasyonal rebwazman** pou ogmante kantite pyebwa yo ak forè yo.
36. Ogmanje estrikti pou **pran swen e pwoteje anviwònman an** sou tout teritwa nasyonal la, pa egzanp, yon polis anviwònmantal, yon politik efikas sou jesyon fatra yo, jesyon min yo ak karyè yo, yon sistèm resiklaj dirab, yon valè zòn pwoteje ak pak natirèl, elatriye.

Jesyon risk ak dezaz

37. Kreye kad legal pou **regilarize SNGRD a** (Sistèm nasyonal jesyon risk ak dezaz) epi pa egzanp, garanti l gen yon seri estrikti ak resous k ap rann li fonksyonèl atravè patisipasyon kolektivite teritoryal yo ansanm ak fòmasyon, sansibilizasyon ak patisipasyon sitwayen yo.

Lakilti ak sivilite

38. Fè pwomosyon kilti ayisyen an. Prepare epi fè aplike **yon politik piblik** ki koyeran pa rapò a kilti nou ak edikasyon sivilite.
39. **Mete patrimwàn nasyonal nou (natirèl, materyèl ak imateryèl)** an valè pou yo sèvi a devlopman dirab.

B. Rezime angajman Legliz yo :

Nou pran angajman pou nou fè aksyon pi ba yo :

1. Sèvi ak pouvwa konvokasyon legliz nou yo genyen, estrikti fòmasyon yo, predikasyon yo, semèn teyoloji yo ak rezo medya kominotè yo genyen yo pou fè **pwomosyon pou valè pozitif** ak fòmasyon ki gen rapò ak 13 tèm nou konsidere yo epi pou yo sansibilize manm yo pou yo vin **sitwayen konsekan**.
2. Sèvi ak estrikti lokal, rejyonal, nasyonal legliz yo pou fè yon **pledwaye pèmanan** bò kote gouvènman ayisyen an sou kesyon espesifik ki lye ak 13 tèm nou konsidere yo.
3. Fè pwomosyon **inisyativ sosyal pou solidarite** yo (koperativ, kès asistans) pou ranfòse endepandans fanmi yo nan kesyon lajan.

Sante

4. **Elaji kouvèti sanite nou ofri a epi amelyore kalite l** etan n ap fè entèvansyon nou yo ajiste ak politik ak Plan entèvansyon MSPP a.

Edikasyon

5. Patisipe nan **efò alfabetizasyon** nan legliz yo pou tout moun konnn li rive 2030.
6. Travay pou amelyore **kalite edikasyon lekòl pwotestan yo ap ofri a**, nan domèn enfrastrikti eskolè yo, nan fòmasyon pèsonèl anseyan ak ankadreman an tankou nan materyèl pedagogik epi fè **pwomosyon pou fòmasyon pwofesyonèl** nan legliz nou yo, nan misyon nou yo ak nan òganizasyon nou yo.

Fanmi, ti moun, lajenès ak espò

7. Devlope oswa ranfòse yon **ministè fanmi** nan legliz nou yo pou ede fanmi yo jwe wòl yo epi asire pwoteksyon ak kwasans ti moun yo ak jèn yo epi fè pwomosyon pou ministè sa a.

Gouvènans

8. Devlope yon kilti **bon gouvènans** nan legliz nou yo pou bay bon egzanp, lè responsab nou yo rive posede valè pozitif yo k ap ankouraje patisipasyon ak entegrasyon.

Lalwa ak lajistis

9. Founi yon asistans **onivo eta sivil la** etan n ap asire tout ti moun yo gen batistè, epi yo gen lòt pyès idantite, kou yo majè.
10. Ranfòse **ministè vizit ak asistans pou prizonnye** yo nan legliz nou yo.

Sekirite piblik ak defans nasyonal

11. Fasilite yon **dyalòg** nan kominote kote legliz nou yo ap sèvi yo pou ranfòse atachman sosyal epi pou fè prevansyon kont vyolans kominotè.
12. Bay ajan PNH la ak FAD'H yo **soutyen esprityèl ak soutyen sikososyal** nan legliz nou yo.

Ekonomi ak endistri

13. Bay egzanp etan n ap mete lòd nan finans legliz nou yo, nan **bay manm legliz yo rapò regilyèman sou jan nou jere lajan legliz nou yo**.
14. Fè pwomosyon **inisyativ sosyal solidarite** yo (mityèl, GSA, kès asistans) pou ranfòse endepandans finansye fanmi yo epi plis ankouraje yon apwòch ki baze sou entreprenarya pase sou asistana.

Agrikilti ak politik jesyon latè

15. Fè pwomosyon pou **jaden lekòl** yo nan lekòl nou yo ak **jaden legliz** yo nan legliz nou yo, kote sa posib.

Afê sosyal ak relasyon moun ak moun

16. Montre egzanp **inite nan divèsite**, etan n ap ranfòse kolaborasyon ant diferan estrikti ki nan Legliz la onivo nasyonal, rejyonal epi onivo lokal.
17. Ranfòse estrikti ak eleman entèn ki ankouraje moun viv ansanm, kolaborasyon ak edikasyon sosyal la. Se komite yo, gwoup dam yo, gwoup d'òm yo, gwoup lajenès yo, koral yo, elatriye
18. Konsantre predikasyon yo sou ranfòsman **pi bon relasyon moun ak moun ak jistis sosyal** kòm bagay ki antre nan etik ak doktrin kretyen an.
19. Fè pwomosyon, andedan legliz yo, pou yon **kilti pwoteksyon moun ki pi fèb yo** epi adapte enfrastrikti legliz nou yo yon fason pou li pèmèt moun ki pi fèb fizikman yo gen aksè ak yo.

Amenajman teritwa a, enfrastrikti ak sèvis

20. Fè pwomosyon nan legliz nou yo, nan asosiyasyon nou yo ak fanmi nou yo pou **respè nòm konstriksyon** yo an jeneral e *nòm* parasismik e *nòm* parasiklonik yo an patikilye.
21. **Adapte enfrastrikti yo** a bezwen moun ki pi fèb fizikman yo epi fè entèkansyon nan kominote yo lè gen katastwòf.

Anviwònman

22. Bay egzanp sou **bon jesyon anviwònman an** nan espas prive legliz la ak nan kominote kote li ye yo atravè yon seri aksyon ki vize fè pwomosyon pou pwòpte ak pwoteksyon anviwònman an.

Jesyon risk ak dezaz

23. Fè pwomosyon yon **kilti jesyon risk ak dezaz** nan legliz yo.
24. Prepare epi ekipe tèt li pou l fè entèvansyon lè gen dezaz nan kominote yo, **an kowòdinasyon ak lòt aktè yo.**

Lakilti ak sivilis

25. **Ankadre jèn atis ki** nan legliz yo nan tout aspè atistik yo.